ГЪУАЗЭХЭМ
Я ТХЫЛЪЫР

ГЪУАЗЭХЭМ Я ТХЫЛЪЫР

ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ

ФІыцІагъэ ЛъапІэр зэдзэкІынымкІэ институт
Мэзкуу, 2026

ГЪУАЗЭХЭМ Я ТХЫЛЪЫР
Пэублэ псалъэ

Тхыгъэ ЛъапIэм щыщу адыгэбзэкIэ
зэрадзэкIа тхылъхэм я электрон
жыпхъэхэмрэ аудиощапхъэхэмрэ фэ
къыщывгъуэтыфынущ Тхыгъэ ЛъапIэр
зэдзэкIынымкIэ институтым
и сайтым ibt.org.ru/ru/media?id=KBD

© Институт перевода Библии, 2026

Тхылъыр зэрызэхэтыр

1:1–3:6 Хэзышэ Іыхьэм наІуэ ещІ тхылъым тхыдэмрэ дин щІэныгъэмрэ и лъабжьэу зэрыщытыр.
3:7–16:31 Іыхьэ нэхъыщхьэм къыщыгъэлъэгъуэжащ исрэІил лъэпкъыр къытрагъэзэжурэ Тхьэм пыІукІуэту зэрыщытамрэ ахэм гъуазэ яхуэхъуа исрэІил пщыкІутІым я Іуэхущіафэмрэ.
17:1–21:25 КІэух Іыхьэм къыщыхьащ теплъэгъуитІ, исрэІил лъэпкъым Тхьэр зыгъэгубжь мыхъумыщІагъэхэр ялэжь зэпыту псэу зэрыхъуар Іупщі ящІу.

Тхылъыр зытеухуамрэ зыхуэгъэпсамрэ

Гъуазэхэм къыщыгъэлъэгъуэжащ исрэІил лІакъуэхэм я гъащІэр нэхъ гугъуу щыщыта лъэхъэнэхэм ящыщ зы – Хьэнэнейр къыщазэуам щегъэжьауэ пащтыхь щамыІа зэманыр къыхиубыдэу. «Нун и къуэ Йушэ и тхылъыр» зытетхыхьыж къэзэуныгъэхэр исрэІилхэм къащехъулІам, зыІэрагъэхьа Хьэнэней щІыналъэм иса лъэпкъхэр псори ирахуатэкъым, иныкъуэр къызыханат.

«Гъуазэхэм» и хэзышэ Іыхьэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, зэманыр кІуэурэ, исрэІилхэм хьэнэнейхэм я хабзэмрэ дин зехьэкІэмрэ къащтэу щІадзащ, абыкІэ Тхьэр ягъэгубжьу. АдэкІэ тхылъыр зытеухуам щыгъуазэ дызыщІ Іыхьэм къыхощ исрэІилхэм я щыуагъэм гу лъатэжыну, Езым зыхуагъэзэжыну Тхьэм мызэ-мытІэу Іэмал къазэрыритар.

Іыхьэ нэхъыщхьэм куэдрэ къыщытрегъэзэж зы Іуэху зэкІэлъыкІуэкІэ:

– исрэІилхэм гуэныхь ялэжь;

– ялэжьа гуэныхьыр яригъэпшыныжыну, Тхьэм гъунэгъу лъэпкъхэр къатрегъауэ;

– исрэIилхэр Тхьэм йолъэIу гущIэгъу къахуищIыну;
– Тхьэм гъуазэ къахуегъакIуэ, лъэпкъыр къригъэлыну.

Гъуазэхэр къыхэзыхыр Тхьэр арат, ауэ ахэр цIыху гуэныхыщIакIуэу къэнэжти, ялэжь псор пэжагъым теттэкъым. Бийм текIуа нэужь, лъэпкъыр абы и пэкIэ иIа псэукIэ мыхъумыщIэм теувэжт, уеблэмэ куэдрэ къэхъут гъуазэ дыдэми апхуэдэу щищIэ. Абы щыгъуэми зытетам теувэж къудей мыхъуу, япэрейхэм нэхърэ нэхъ кууэ гуэныхь ялэжьт. ИсрэIилхэм я текIуэныгъэхэм тхылъым и пэщIэдзэм хэIэтыкIауэ щытепсэлъыхьмэ, щиухым деж зэхэхауэ къыщыIуэтащ я мыхъумыщIагъэхэр.

КIэух Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ гуIэгъуэ дыдэу теплъэгъуитI. Абыхэм белджылы ящI а зэманым исрэIилхэм яIа зэхэтыкIэ зэхэзэрыхьар, «хэти езым фIэтэрэзыр» илэжьу (21:25). Тхылъыр зытхам къытригъэзэжурэ жеIэ: «А зэманым исрэIилым иджыри пащтыхь иIэтэкъым». Абы гугъэ къыхощ Тхьэм Езым хуэпэж цIыху исрэIилхэм пащтыхьу къахуигъэкIуэну, ар лъэпкъым я къегъэлакIуэ хъуну. Апхуэдэ пащтыхь исрэIилхэр хуабжьу зэрыхуэныкъуэмкIэ «Гъуазэхэм я тхылъыр» щыхьэт мэхъу.

ИсрэIил пащтыхьыгъуэр зэрызэфIэувращ къыкIэлъыкIуэ тхылъхэр зытеухуар: «Аруфэт», «Пащтыхьхэм я япэ тхылъыр».

ЯПЭ ЫХЬЭ

Ехьудейхэмрэ шамхьунхэмрэ хьэнэнейхэм зэрезэуар

1 [1] Нун и къуэ Йушэ дунейм щехыжым, исрэIилхэм ТХЬЭМ* зыхуагъэзащ: «Дэ тщыщу хьэнэнейхэм япэ удыныр езыдзынур хэт?» – жаIэри.

[2] ТХЬЭМ и жэуапри къалъэIэсыжащ: «Ехьудейхэр япэ ирещ. Ахэращ Сэ а щIыгур зи Iэмыщ Iэ ислъхьэр».

[3] Ар щызэхахым, ехьудей зауэлIхэм я къуэш шамхьунхэм хуагъэуващ: «Фыкъыдгуэувэрэ дэ къытлъыса щIыналъэм хьэнэнейхэр идвгъэхумэ, дэри фэ къыфлъыс щIы Iыхьэм папщIэ дывдэзэуэжынщ». Шамхьунхэр абыкIэ арэзы хъуащ.

[4] Ехьудей зауэлIхэр зэуапIэм щыIухьэм, хьэнэнейхэмрэ пэризейхэмрэ зэратекIуэн къару ТХЬЭМ къаритри, Бэзэч деж бийм щыщу цIыху минипщI щыхагъэщIащ. [5] Абдеж Адоний-Бэзэч пащтыхьым Iууэщ, зауэ гуащIи иращIэкIри, хьэнэнейхэри пэризейхэри зэтраукIащ. [6] Адоний-Бэзэч пащтыхьыр яIэщIэкIри щIэпхъуэжат, ауэ кIэлъеIэщ, къаубыдыжри и Iэпхъуамбэшхуэлъэпхъуамбэшхуэхэр хупагъэщащ.

[7] «Зи Iэпхъуамбэшхуи лъэпхъуамбэшхуи пызгъэщыгъа пащтыхь блыщIыр шхыным кIэрыщэщахэр къащыпыжу си Iэнэ щIагъым щIэзгъэсати, Тхьэм схуэфащэр къызищIэжащ», – къыгурыIуэжат иужьым Адоний-Бэзэч пащтыхьым. Ар Ерусэлим яшэри абы щылIэжащ.

[8] Ехьудей зауэлIхэр Ерусэлим теуэри къащтащ, къалэр ягъэсри дэсхэр джатэщхьэрыкIуэ ящIащ. [9] ИтIанэ я Iэщэр бгылъэхэми, Нэджэб пшахъуэщIми, къухьэпIэ бгы жьэгъухэми щыпсэу хьэнэнейхэм дежкIэ ягъэзащ. [10] Хъэуран (япэм Къэрэтэрбэкlэ зэджэу щытам) щыпсэу хьэнэнейхэм зрапщытри, Шэшай, Ахъиймэн, Тэлмай сымэ, я лъэпкъхэри

дэкIуэу, зэтраукIащ. **11** АдэкIэ яунэтIащ ДыбиркIэ (Къэрэтсэфэркlэ зэджэу щытам). **12** Хьэлэб ехьудейхэр къигъэгугъащ: «Къэрэтсэфэр теуэу къэзыщтэфым сипхъу Iэхъса щхьэгъусэу естынущ». **13** Ар зыхуэзэфIэкIар Хьэлэб и къуэш нэхъыщIэ Чыназ и къуэ IэтнэIилщ. Арати, Хьэлэб ипхъу Iэхъса IэтнэIил щхьэгъусэу иритащ.

14 Зы махуэ гуэр Iэхъса и дыщым кIуэжт. Ар хуейт и адэм щIы Iыхьэ щхьэкIэ елъэIунуи, абыкIэ IэтнэIил хуит зыкъригъэщIащ. Къэсыжу шыдым къеха Iэхъса и адэр къеупщIащ: «Сытым укъытхуихьыжа, си хъыджэбз?»

15 «Уи нэфI къысщыхуи, си адэ, – къригъэжьащ Iэхъса, – Нэджэб пшахъуэщIым сыщыпсэун хуейуэ лIы сыщептакIэ, псынэхэри къызэтыж». Хьэлэб и пхъум и лъэIур хуигъэзащIэри, Ипщэ псынэри Ищхъэрэ псынэри иритащ.

16 Мусэ и щыкъу адэм къытепщIыкIа къэней лъэпкъыр ехьудейхэм я гъусэу Йэрыхъуэ къалэ[a] икIри Нэджэб щыIэ Ехьудей пшахъуэщIым кIуащ, Арэд къалэм и Iэшэлъашэм щыпсэухэм яхэтIысхьащ.

17 Ехьудей зауэлIхэр, я шамхьун къуэшхэр ящIыгъуу, хьэнэнейхэр щыпсэу Сыфат къалэм теуэри, къанэ щымыIэу ТХЬЭМ хуагъэкIуэдащ[b]. Араш а къалэм Хъуэрымэкlэ[c] еджэ щIэхъуар. **18-19** ТХЬЭР я гъусащ ехьудей зауэлIхэм. Абыхэм зыIэрагъэхьащ бгылъэхэр. Абы иужькIэ ехьудейхэм къащтащ тафэм щыIэ къалэхэу Джазэ, Ашкъэлэн, Акурэн, абыхэм я Iэшэлъашэр, ауэ, къалэдэсхэр гъущI хьэкуэстыгукIэ* къызэгъэпэщати, дахуфакъым. **20** Мусэ жиIэгъауэ зэрыщытам

---

[a] **1:16** Журт. «ЧыцIыбжьей къалэ».

[b] **1:17** Журтыбзэ псалъэм къикIыр ТХЬЭМ хьэпшыпхэр е цIыхухэр теIуэнырщ. Апхуэдэм деж ахэр ягъэкIуэд хабзэт.

[c] **1:17** ЖуртыбзэкIэ «хуэгъэкIуэдын» жиIэу къокI.

тету, Хьэлэб Хъэуран къалэр къылъысри, Анакъ лъэпкъищми ар къаригъэбгынащ.

Адрей исрэIил лIакъуэхэм хьэнэнейхэр щIыналъэм къызэрыранар

21 Бенамин и лIакъуэм ялъэкIакъым Ерусэлим щыпсэу еусейхэр ирагъэкIыпэну. Абы нобэми щызэдопсэу еусейхэри бенаминхэри.

22-23 Исуф и лIакъуэри БэтIэл (япэм абы ЛузкIэ еджэрт) теуати, ТХЬЭР абы я гъусэт. Япэ ирагъэща тIасхъэщIэххэм **24** къалэм къыдэкIа цIыхухъур къалъагъури зыхуагъэзащ: «Къалэм удыхьэ зэрыхъунур дыгъэлъагъуи, ди зэран уэдгъэкIынкъым». **25** Дыхьа зэрыхъунур къагуригъаIуэри, къалэр джатэкIэ ирахащ, ауэ къахуэбзэгуфIа цIыхухъумрэ и унагъуэмрэ гущIэгъу хуащIащ. **26** Ар хьетхэм я щIым Iэпхъуэри Луз зыфIища къалэр щиухуащ. Нобэми апхуэдэущ абы зэреджэр.

27 Минащ и лIакъуэм ирахуфакъым Бэтшан, ТэIэнэч, Даур, ЕблэIэм, Мэджыдэ къалэхэми абы япэгъунэгъу жылэхэми щыпсэу хьэнэнейхэр, ахэри я щIыгум къинэжыфащ. **28** ИсрэIилыр нэхъ лъэщ хъуа нэужь, хьэнэнейхэр щхьэхуимыт ящIащ, ауэ я щIыгум ирахуакъым.

29 ЕфрэIим и лIакъуэми Джэзэр дэс хьэнэнейхэр зэхэзехуэн ящIакъым, я пIэ къранэжауэ зэдэпсэурт.

30 Къыдахуакъым Заблун и лIакъуэми Къытрэунрэ Нэхьэлолрэ дэс хьэнэнейхэр, я щхьэ хуимытыж ящIами, зыдагъэпсэурт.

31 Ащир и лIакъуэми Iэкуэ, Саидэ, Ахълэб, АкIэзибэ, Хьэлбэ, Афэкъ, Архъуб къалэхэм щыпсэу хьэнэнейхэр дахуфатэкъым, **32** я щIыр къытрахыфатэкъыми, ядэпсэурт.

33 Нэхуталий и лIакъуэми яхузэфIэкIакъым Бэтшэмэшрэ Бэтэнатрэ щыпсэухэр кърахуну, ауэ щхьэхуимыт ящIауэ щIыр зей хьэнэнейхэм ядэпсэурт.

34 Дан и лIакъуэр амэрейхэм бгым ираубыдауэ, тафэм
кърагъэхтэкъым. 35 Амэрейхэр, япэми хуэдэу, Хьэрэс бгым,
Айалон, ШэIэлбим къалэхэм гушхуауэ щыпсэурт, ауэ Исуф и
лIакъуэм я къарур зэщIэува нэужь, ахэри щхьэхуимыт ящIащ.
36 Амэрейхэм я гъунапкъэр Iэкърэб лъагапIэм, Сэла деж, къы-
щежьэрти адэкIэ зиубгъурт.

ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

ТХЬЭМ и МелыIычыр исрэIилхэм къазэрегияр

2 1 ТХЬЭМ и псалъэхэр исрэIилхэм къажриIэну и Ме-
лыIычыр Джылджэл къикIри Бэхьим къэкIуащ: «Мы-
сырым фыкъисшыжри фи адэжьхэр быдэу щIэзгъэгугъа
щIыгум фыкъэсшащ. ЖысIэгъат: „Зэи сепцIыжынкъым
фэсщIылIа IуагъэмI*, 2 фэри фыкъыздэкIуа щIыпIэм щыпсэу-
хэм IуагъэI евмыщIылIэ, я къурмэн щIыпIэхэри зэтефкъутэ“.
Фыкъызэдэ Iуакъым. Сытым щхьэкIэ? 3 НывжызоIэ-тIэ иджы
ахэр зэрыфхэзмыхунур, фи лъэм банэу зэрыхэлъынур, я тхьэ-
хэри гъэпцIапIэ зэрыфхуэхъунур».

4 ТХЬЭМ и псалъэхэр исрэIилхэм щызэхахым, зэщIэгъуэгащ,
5 икIи ар къыщыхъуа щIыпIэм Бэхьим[a] фIащащ. Абдежым
ТХЬЭМ къурмэн щыхуащIащ.

ИсрэIилхэм аргуэру Тхьэм и ней къызэралэжьар

6 Йушэ цIыхухэр иутIыпщыжа нэужь, щхьэж и щIы Iыхьэр
иубыдыжыну зэбгрыкIыжат. 7 Йушэ псэуху цIыхухэр ТХЬЭМ
хуэпэжат. Йушэ щымыпсэужми, ТХЬЭМ ИсрэIилым хуи-
лэжьа Iуэху гъуэзэджэхэр зи нэгу щIэкIа нэхъыжьхэр псэуху,
цIыхухэр гъуэгу пэжым тетат.

---

[a] 2:5 ЖуртыбзэкIэ «гъыхэр» жиIэу къокI.

8 Нун и къуэ Йушэ, ТХЬЭМ и цIыхур, дунейм щехыжам, илъэсищэрэ пщIы ныбжьым итт. **9** Ар щыщIалъхьэжащ езым къылъыса щIыпIэм, ДжэIэш бгым ищхъэрэкIэ къыщыт ЕфрэIим бгылъэхэм ит Тэминэхъэрэс къалэм.

10 ТХЬЭМ фIыгъуэу исрэIилхэм яхуилэжьар зи нэгу щIэкIахэр дунейм ехыжри, Ар зымыцIыху, Абы ИсрэIилым хуищIахэм щымыгъуазэ щIэблэ къыдэкIуэтеящ. **11** ТХЬЭМ деж нэмысын Iуэхухэр ялэжьу, БэIэл* хуэпщылIу хуежьащ ахэр[a]. **12-13** Лъэпкъыр Мысырым къизышыжа ТХЬЭР, адэжьхэм я Тхьэр, IэщIыб ящIащ. Зыдэпсэу лъэпкъхэм я тхьэхэм зыдрагъэхьэхащ, абыхэм щхьэщэ хуащIу хуежьащ. БэIэлрэ Аштэрэтрэ* хуэпщылIырти, я ТХЬЭМ и ней къалэжьырт. **14** ТХЬЭМ и губжьыр исрэIилхэм ятрикъутащ, хъунщIакIуэхэм зэрапхъуэну хуит яхуищIри. Ахэр щIигъэуващ яхъуреягъкIэ къепщIа бийм я бжьым, абы щыгъуэми зэрызахъумэжын къару ябгъэдэмылъыжу. **15** ИсрэIилым зэуэну зыкъаIэтыху, ТХЬЭМ и ней къащыхуэрти, бийр къатригъакIуэрт, псалъэ быдэ къапигъэувам тету. Абыхэм псэкIэ бэлыхьышхуэ ягъэвырт.

16 ТХЬЭМ исрэIилхэм къахишырт хъунщIакIуэхэм къаIэщIэзыхын гъуазэхэр*. **17** Ауэ гъуазэхэми я жыIэм емыдаIуэу, нэгъуэщIытхьэхэм зыдрагъэхьэхыурэ къепцIыжырт, абыхэм зыхуагъэщхъырт. Ахэр тыншу текIат я адэжьхэр зытета гъуэгу пэж ТХЬЭМ и унафэм щIэзыгъэтым. Щапхъэ яхуэхъуатэкъым япэ итахэр.

18 Гъуазэу къахуигъакIуэм езы ТХЬЭР дэщIыгъути, ар псэуху исрэIилхэр бийм щихъумэрт, залымхэм я хьэзабым игъэщэIухэр фIэгуэныхь хъурти. **19** Ауэ гъуазэр дунейм зэрехыжу, ахэр нэхъыкIэжу гуэныхьщIэным хыхьэжырт, уеблэмэ

[a] **2:11** Бэвыгъэ тхьэлъэIухэм деж БэIэл лIыгъуэ-фызыгъуэ хузэрахьэрт, сабийхэр къурмэн хуащIырт.

нэгъуэщIытхьэхэм яхуэпщылIынымкIэ, захуэгъэщхъынымкIэ я адэжьхэм текIуэжырт. Бзаджагъэу ялэжьымрэ ерыщагъымрэ IэщIыб ящIыну хуейхэтэкъым.

20 Арати, ИсрэIилым ТХЬЭМ и ней къыщыхуапэри, жиIащ:
«Мы лъэпкъыр я адэжьхэм есщIылIа Iуагъэм щебэкъуакIэ,
жысIам къыщемыдэIуакIэ, 21 Сэри Йушэ лIа нэужь мы щIы-
налъэм къина лъэпкъхэм щыщу зыри исхужынукъым. 22 А
лъэпкъхэмкIэ исрэIилхэр згъэунэхунущ, я адэжьхэм ещхьу,
яхуэзгъэлъэгъуа гъуэгум тетынумэ». 23 Апхуэдэ щIыкIэкIэ,
ТХЬЭМ Йушэ и Iэмыщ Iэ иримылъхьэгъа лъэпкъхэу мы щIы-
пIэм исар адэкIи иримыхуу къыщызэтринат.

ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

ИсрэIилхэм гъэунэхуакIуэу къахина лъэпкъхэр

3 1-2 Хьэнэней щIыналъэм щекIуэкIа зауэхэм языхэзри зи нэгу щIэмыкIахэр иригъэунэхуну, къащIэхъуэ щIэблэр зэуэкIэм хуигъэсэну ТХЬЭМ а щIыналъэм лъэпкъ гуэрхэр къринат. Мис ахэр: 3 филистей пщитхур, хьэнэнейхэр, саидейхэр, Ливаным и БэIэл-Хьэрмэн бгым щыщIэдзауэ Лэухьэмэт бгым нэсыху щыпсэу хъыуийхэр. 4 ТХЬЭМ исрэIилхэм я адэжьхэм Мусэ къахуигъэхьа унафэхэр зэрагъэзащIэр зыхуэдэр иригъэунэхуну къигъэнат а лъэпкъхэр.

5 ИсрэIилхэр ядэпсэурт хьэнэнейхэм, хьетхэм, амэрейхэм, пэризейхэм, хъыуийхэм, еусейхэм. 6 Зыхэс лъэпкъхэм япхъухэр нысэ яхуэхъурт, я къуэхэр малъхъэ ящIыртa, я тхьэхэм хуэпщылIырт.

---

a 3:6 *нысэ яхуэхъурт... малъхъэ ящIырт* Тхьэм исрэIилхэм хуитыныгъэ яриттэкъым нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа къашэнуи дэкIуэнуи. Еплъ Уэсят 7:3-4.

Іэтнэіил

7 ИсрэІилхэм ТХЬЭМ деж нэмысын Іуэхухэр ялэжьу хуежьащ: ТХЬЭР, я Тхьэр, ІэщІыб ящІри, БэІэлрэ Ашэрэтрэ* хуэпщылІу щІадзащ. **8** ТХЬЭМ и губжьыр къытепсыхэщ ИсрэІилми, илъэсий енкІэ ар ТІуащІэм и пащтыхьхэм ящыщ Куэшэнрыщтэм и бжьым щІигъэтащ.

9 ТХЬЭМ дэІэпыкъуныгъэкІэ щелъэІум, Хьэлэб и къуэш нэхъыщІэ Чыназ и къуэ Іэтнэіил къегъэлакІуэу къаритри, хуит къригъэщІыжащ. **10** Іэтнэіил ТХЬЭМ и Псэр къылъэІэсщ, ИсрэІилым и гъуазэ хъури, зэуэну ежьащ. ТХЬЭМ абы и ІэмыщІэм Куэшэнрыщтэм кърилъхьэри тригъэкІуащ. **11** Илъэс плІыщІкІэ – Іэтнэіил лІэху – щІыналъэм мамырыгъэ илъащ.

Ахьуд

12 Аргуэрыжьти, исрэІилхэм ТХЬЭМ деж нэмысын Іуэхухэр ялэжьу щІадзэжащ. Араш ТХЬЭМ мэуабей пащтыхь Ахьлэн ИсрэІилым нэхърэ нэхъ лъэщ щІищІари. **13** Амонейхэмрэ амэлычхэмрэ и дарэгъуу* Ахьлэн ИсрэІилыр хигъэщІащ, Йэрыхъуэ[a] къалэри иубыдащ. **14** ИсрэІилхэр мэуабей пащтыхь Ахьлэн илъэс пщыкІуийкІэ хуэпщылІащ.

15 Аргуэру абыхэм ТХЬЭМ гущІэгъукІэ елъэІуу зыщыхуагъазэм, къегъэлакІуэу къаритащ Бенамин и лІакъуэм щыщ Джэрий и къуэ Ахьуд Іэ сэмэгур[b]. ИсрэІилхэм ар, хьэкъулэу* хьэпшып лъапІэхэр хурагъэхьри, Ахьлэн деж ягъэкІуащ. **16** Ахьуд ІэфракІэ[c] зи кІыхьагъ джатэ дзитІ зэригъэпэщри, щыгъыным щІэгъэпщкІуауэ, и куэ ижьым кІэрилъхьащ. **17** Арати,

---

[a] **3:13** Журт. «ЧыцІыбжьей къалэ».

[b] **3:15** ЩІыху Іэ сэмэгур, уегупсыс зэрыхъунумкІэ, журтхэм цІыху шэрыуэу, Іэщэм хуэІэрыхуэу ялъытэу щытащ.

[c] **3:16** Сантиметр плІыщІрэ тхум нэблагъэ хъунущ.

ар, хьэкъулэр зыIыгъынухэри и гъусэу, Ахьлэн деж къэкIуащ. А пащтыхьыр хуабжьу пIащэт.

18-19 Тыгъэхэр Ахьлэн бгъэдихьэу къежьэжа нэужь, Ахьуд гупым я гъусэу Джылджэл деж щегъэувэкIа скъархэм* нэс къакIуэри, адэкIэ ахэр гъуэгу тригъэувэжащ. Езым къигъэзэжри Ахьлэн зыхуигъэзащ: «Iуэху щэху пхузиIэт, зиусхьэн!»

«Зэ догуэ!» – жиIэщ пащтыхьми и унэIутхэм лъэныкъуэ заригъэгъэзащ.

20 Пащтыхьыр и закъуэу щIэст унащхьэм[a] тещIыхьа и пэш жьыщIэхум. Ахьуд абы гъунэгъу зыхуищIри, жриIащ: «Тхьэм къыбгъэдэкI хъыбар къыпхуэсхьащ».

Пащтыхьыр къыщызэфIэувэм, **21** Ахьуд Iэ сэмэгумкIэ и куэ ижьым кIэрылъ джатэр кърипхъуэтри мобы и ныбапцIэм хихуащ. **22** Джатэм и кIыр дэкIуэу щэныбэм хыхьэри и кIуэцIыр къригъэуащ. Джатэри къыхимычыжу, **23** Ахьуд пэIущIэм къытехьэжщ, пэшыбжэр хуищIри IункIыбзэкIэ игъэбыдэжащ.

24 Ахьуд щIэкIыжа нэужь, унэIутхэр бжэ гъэбыдам кърихьэлIэжащ. «И Iуэху пэш кIуэцIым щызэфIигъэкIыу арагъэнщ», – жаIэурэ, **25** гузавэр къатекIуэхукIэ зралъэфыхьащ. Пащтыхьым бжэр къызэрыIуимыхынур къащыгурыIуэм, IункIыбзэIухыр къахьри Iуахащ. Абдежым унэIутхэм къалъэгъуащ зиусхьэным и хьэдэ лъэгум илъыр.

26 Абыхэм зралъэфыхьыху, Ахьуд зигъэбзэхыжащ. Скъархэр къызэринэкIри и псэр СыIирэ нихьэсащ. **27** Абы щынэсым, ЕфрэIим бгылъэхэм гъуо щигъаджэри, исрэIилхэр, езыр я Iэтащхьэу, лъагапIэм къехащ.

28 «Си ужь фыкъиувэ, – унафэ ищIащ абы, – фи бий мэуабхэр ТХЬЭМ фи Iэмыщ Iэ кърилъхьащ». Псори абы и ужь иувэри,

---

[a] **3:20** А зэманым унэхэм щхьэ занщIэ тралъхьэрт, ари псэуалъэхэм щыщу къагъэсэбэпырт.

Мэуабей кIуэхэр щызэпрыкI хъууэ Iурдыныпсым иIэ псытепхъэхэр яубыдащ, техьэнIауэ хуимыту.

29 ЗауэлI лъэрызехьэу мэуабей минипщIым нэс зэтраукIащ, зыми Iэмал иратакъым яIэщIэкIыну. 30 А махуэм исрэIилхэр мэуабейхэм тепщэ яхуэхъуащ, илъэс ищIкIэ щIыналъэм мамырыгъэ илъащ.

Шэмхъар

31 Ахьуд иужькIэ гъуазэщIэу къэунэхуащ Iэнат и къуэ Шэмхъар, фылистей щих выуэчкIэ зэтезукIар. Ари ящыщщ ИсрэIилыр къезыгъэлахэм.

ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

Дэборэ

4 1 Ахьуд дунейм ехыжа нэужь, исрэIилхэм ТХЬЭМ деж нэмысын Iуэхухэр ялэжьу щIадзэжащ. 2 Араш ТХЬЭМ ахэр Хьэзур къалэм и тет хьэнэней пащтыхь Йабин и Iэмыщ-Iэ щIригъэхуар. Йабин и дзэзешэт Хьэрэшэтхьэим[a] щыпсэу Шэщэр. 3 ГъущI хьэкуэстыгу* щибгъукIэ зэщIэIулIа дзэ зиIэм, щысхь жыхуаIэр имыщIэу, илъэс тIощIкIэ исрэIилхэр игъэпщылIащ. Араш абыхэм гущIэгъу къахуищIыну елъэIуу ТХЬЭМ зыщIыхуагъэзар.

4 А зэманым ИсрэIилым гъуазэу яIэр бегъымбар цIыхубз, Лапидэт и щхьэгъусэ Дэборэт. 5 Ар ЕфрэIим бгылъэхэм щыIэ Арэмэхьрэ БэтIэлрэ яку къыщыкI чыцIыбжьейм* кIэщIэс хабзэти, исрэIилхэр къыхуэкIуэурэ хеящIэ* яхуэхъурт.

6 Зэгуэрым Дэборэ Нэхуталий и лIакъуэм я щIым хыхьэ Къуэдыщэ щыщ Бэракъ, Ауэнэуэм и къуэр, къриджэри жриIащ:

---

[a] **4:2** ЖуртыбзэкIэ «Хамэ лъэпкъхэм я Хьэрэшэт» жиIэу къокI.

«ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, унафэ къыпхуищIакъэ: „КIуэи, Нэхуталийрэ Заблунрэ я лIакъуэм цIыху минипщI къыхэши, Таур Iуащхьэм дэш“, – жиIэри. 7 Йабин и дзэзешэ ЩэщэР, зауэлIхэри хьэкуэстыгухэри зэригъусэу, КIушэныпсым и жапIэм нришэлIэнурэ уи IэмыщIэ нрилъхьэнущ ТХЬЭМ».

8 АрщхьэкIэ Бэракъым Дэборэ пиубыдащ: «Уэри си гъусэу унакIуэмэ, сыкIуэнщ, унэмыкIуэмэ, сыкIуэнукъым».

9 «Хъунщ, – жиIащ Дэборэ, – сэ сынэкIуэнщ уи гъусэу. Ауэ зэгъащIэ а уи щытыкIэм пщIэ къызэрыпхуимыхьынур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ТХЬЭМ ЩэщэР зи IэмыщIэ ирилъхьэнур цIыхубзщ».

Дэборэ Бэракъ и гъусэу Къуэдыщэ кIуащ. 10 Абдеж Бэракъым Заблунрэ Нэхуталийрэ къыкъуэувэну джакIуэ яхуищIащ. Абыхэм зауэлI минипщI къыхузэрагъэпэщри, Бэракъ зэуапIэм Iухьащ, Дэбори и гъусэт.

11 А зэманым ХьэбэркIэ зэджэ зы къэней и шэтырыр Къуэдыщэ пэгъунэгъу Дзэнынэм къыщыкI жыгейм деж щигъэуват. Ар Мусэ и щыкъу щIалэ[a] Хьэбаб къытепщIыкIа къэнейхэм ящыщ зыт, ауэ и лъэпкъэгъухэм яхэтIысхьатэкъым.

12 Ауэнэуэм и къуэ Бэракъ Таур Iуащхьэм къызэрыдэкIуеяр ЩэщэР къыщыжраIэм, 13 и гъущI хьэкуэстыгу щибгъури, ХьэрэшэтхьэимдежзауэлIу щиIэри КIушэныпсым и Iуфэм щызэхуишэсащ.

14 Арати, Дэборэ жриIащ Бэракъым: «ЗыIэти ежьэ! Нобэ ТХЬЭМ ЩэщэР уи IэмыщIэ къыщрилъхьа махуэщ. Уэ ТХЬЭМ уишэркъэ, уяпэ иту?»

И зауэлI минипщIыр къришажьэри Бэракъ Таур Iуащхьэм къехащ. 15 ТХЬЭМ ЩэщэРи, и хьэкуэстыгухэри, и лъэсыдзэри, Бэракъ пэмыувыфын хуэдэу, Iэнкун ищIащ,

[a] **4:11** ЖуртыбзэкIэ Iыхьлагъ кIэ и мыхьэнэ дыдэр IупщIкъым.

ЩэщэрхьэкуэстыгумкъелъэрилъэсущIэпхъуэжащ. 16 Бэ-
ракъ и зауэлIхэм хьэкуэстыгухэри, биидзэри Хьэрэшэтхьэим
нэс яхуащ. ЩэщэридзэрзэрыщытуджатэщхьэрыкIуэящIащ,
псэууэ зыри яIэщIэкIакъым.

17 ЩэщэрущIэпхъуащкъэнейхэмящыщ Хьэбэри щхьэгъусэ
ЙаIил и шэтырымкIэ. Ар къыщIыхихар Хьэзурым и пащтыхь
Йабинрэ Хьэвэри лIакъуэмрэ яку зэхущытыкIэфI дэлъти арат.
18 ЙаIил Щэщэр къыпежьэри иригъэблэгъащ: «КъыщIыхьэ,
зиусхьэн, къыщIыхьэ си деж. Умышынэ». Щэщэр шэтырым
щIыхьащ, ЙаIил ар игъэгъуэлъри алэрыбгъу трипIэжащ.

19 «ПсыщхьэкIэ солIэ, – жриIащ абы цIыхубзым. – КхъыIэ,
псы тIэкIу къызэт». ЙаIил бжэнышэ зэрыт фэндыр къитIатэри,
Щэщэр ирикъуху иригъэфащ, алэрыбгъури трипIэжащ.

20 «Шэтыр щIыхьэпIэм ув, – жиIащ Щэщэр. – КъыIухьэIарэ,
„зыгуэр щIэс мыбы?“ жаIэмэ, „хьэуэ“ жыIэ».

21 АрщхьэкIэ ЙаIил шэтырыр зырапх фIэрыукIэмрэ уадэ-
рэ къищтэри, езэшауэ Iуриха Щэщэр щэхуурэ бгъэдыхьащ.
Бжэгъу папцIэр нэзэрыхъэм апхуэдизкIэ хихуати, лIыр щIым
хиIулIат, икIи абы илIыкIащ.

22 Щэщэр и лъэужьыр къэзыху Бэракъ къыщилъагъум,
ЙаIил абы къыпежьэри иригъэблэгъащ: «НакIуэ, сэ уэзгъэ-
лъагъунщ къэплъыхъуэ цIыхур». Бэракъ ЙаIил и шэтырым
щыщIыхьам, къилъэгъуащ фIэрыукIэкIэ щIым хэIулIауэ щылъ
Щэщэр и хьэдэр.

23 А махуэм Тхьэм исрэIилхэр хьэнэней пащтыхь Йабин
тригъэкIуащ. 24 ИсрэIилхэм я тепщэныгъэр нэхъ лъэщ хъууэрэ
кIуащ, Йабин щIым трагъэкъэбзыкIыху.

ЕТХУАНЭ ІЫХЬЭ

Дэборэрэ Бэракърэ я щытхъу уэрэд

5 **1** А махуэм Дэборэрэ Ауэнэуэм и къуэ Бэракърэ мыпхуэдэ уэрэд зэдыжаІащ:

2 Пашэхэм къызэщІаІэтащ ИсрэІилыр,
лъэпкъыр арэзыуэ якъуэуващ –
вгъэлъапІэ ТХЬЭР!

3 ФыкъэдаІуэ пащтыхьхэр!
ФыкъыщІэдэІу Іэтащхьэхэр!
ТХЬЭМ сыхуэусэнущ,
хуэзгъэІунущ пшыналъэ ИсрэІилым и Тхьэм.

4 СэІир[a] укъыщыдэкІам, ди ТХЬЭ,
Едумей укъыщикІым,
щІыр зджызджырт, уафэм кърикІыхт –
пшэхэм псыр къапыжырт.
5 Бгыхэр щыкІэзызырт ТХЬЭМ и пащхьэм,
СэнаІ Іуащхьэр* щыкІэзызырт ТХЬЭМ и пащхьэм,
ИсрэІилым и Тхьэм.

6 Іэнат и къуэ Шэмхъар и лъэхъэнэм,
ЙаІил и зэманым гъуэгухэр нэщІ хъуат,
гъуэгу занщІэкІэ зекІуэу щытахэми
иджы дадзыхыу къаублат.
7 НэщІ хъуат ИсрэІилым и къуажэхэр,
нэщІащ, сэ, Дэборэ, зыкъэсІэтыху,
ИсрэІилым и анэу зыкъэсІэтыху.
8 ТхьэнэпцІхэр яІэ хъуащ –

---

[a] **5:4** Едумей хэкум и цІэ етІуанэ. Едумейр ИсрэІилым и ипщэкъуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэт.

аращи къыIутщ зауэр бжэIупэм,
бжыи мэIухуи*
ямыIэ ИсрэIилым и цIыху мин плIыщIым.

9 ПсэкIэ сащIыгъущ ИсрэIилым и пашэхэм,
зи фIэфIыныгъэкIэ лъэпкъым къыщыжхэм.
Вгъэлъапlэ ТХЬЭР!

10 Фэ, шыд лъэпкъыфIкIэ къэзыкIухьхэр,
алэрыбгъур зи тIысыпIэхэр,
гъуэгурыкIуэхэр,
фыусэ!
11 ПсыкъуиймкIэ къоIукI Iэхъуэхэм[a] я макъыр:
ягу къагъэкIыж ТХЬЭМ и Iуэхущlафэ телъыджэхэр,
ИсрэIилым и къуажэхэм зэрахьа лIыгъэхэр.
ТХЬЭМ и цIыхухэр щызэхуосыж къалэ дыхьэпIэм.

12 «Зыкъэужь, зыкъэIэт, Дэборэ!
Зыкъэужь, зыкъэIэт, уэрэд къиш!
Зыгъэхьэзыр, Бэракъ!
Iушыж уи гъэрхэр, Ауэнэуэм и къуэ!»
13 Залымыгъэм къелахэр къэкIуащ пашэхэм деж,
ТХЬЭМ и цIыхухэр къысхуокIуэ бийм пэщIэтыну.
14 ЕфрэIим къикIащ зи лъабжьэр Амэлычым я лъахэм
щызыгъэбыдахэр.
Ахэр Бенамин и ужь итт, абы и зауэлIхэм яхэту.
Мэхьир[b] къикIащ пашэхэр,
Заблун деж къикIащ дзэзешэ дамыгъэр зыIэщIэлъхэр.
15 Дэборэ и гъусэт Ищэхъар и пашэхэр –
пэжщ, Бэракъ дэщIыгъуащ Ищэхъар и лIакъуэр,
и гъусэуи псыхъуэмкIэ зрачащ.

---

[a] **5:11** ЖуртыбзэкIэ белджылыкъым зи макъ къэIур хэт сымэми.

[b] **5:14** Минащ и лIакъуэр щыпсэум и къухьэпIэ лъэныкъуэр.

Рувим и лIакъуэр-тIэ хуабжьу гуитIщхьитIт.
16 Щхьэзыщиплъэфыхьатуэчэтхэм* я кум,
хъушэр фийуэрэ зэрызэхуашэсым уедаIуэрэт?
Рувим и лIакъуэр-тIэ хуабжьу гуитIщхьитIт.
17 ДжылыIэд зыкъыщинай Iурдын адрыщIым.
Сытым щхьа кхъухьым яхуиува Дан?
Ащир зыкъыщинащ псы Iуфэми,
щопсэу и псыдыхьэхэм*.

18 Заблун и цIыхухэр псэзэпылъхьэпIэм* итащ,
Нэхуталий щигъусащ абы зэуапIэ губгъуэхэм.

19 Къэсри пащтыхьхэр, зауэм хыхьащ;
хьэнэнеипщхэр къыщыдэзэуащ
ТэIэнэч къалэм, Мэджыдэ и гъунэгъу псыхэм деж,
ауэ дыжьын къуентхъ* къаIэрыхьакъым.
20 Уафэм ис вагъуэхэри къэзауэрт,
я гъуэгу здытетым къезауэрт ЩэщэР.
21 КIуэшэныпсым, ижь-ижьыж псыуэ КIушэным,
бийр псыхьэлъахуэ* щыхъуащ.
УкъэмыскIэ, сигу! Хъу хъыжьэ!

22 Шы хьэмкIэу жэхэм я лъэ макъыр инт,
щIэпхъуэжа хакIуэхэм я лъэ макъыр.
23 «Нэлат ефх Мэруэз, – жиIащ ТХЬЭМ и
МелыIычым, –
ефх пу нэлат абы щыпсэухэм,
зыщIагъэкъуакъым абыхэм ТХЬЭМ,
къыкъуэувакъым бийм езэуэну».

24 ЦIыхубзу щыIэм ЙаIил къраухьэкI,
къэнейхэм ящыщ Хьэбэр и щхьэгъусэр,
шэтырым щIэс цIыхубзхэм щыщу Тхьэм и нэфI
зыщыхуащ.

25 ЦЩэщэр псы щхьа лъэIуати – ЙаIил шэ къритащ,
лIыхъужь хуэфэщэн фалъэкIэ шху къыхуихьащ.
26 Зы IэмкIэ Iэбащ фIэрыукIэмкIэ,
адреиIэмкIэ Iэбащ уадэмкIэ.
ЦЩэщэр иукIащ, бжэгъу кIэщIыр и нэзэрыхъэм
хиукIэри.
27 ЗыщиIуантIэщ ЙаIил и лъапэми,
и псэр хэкIауэ щылъщ.
Абы и лъапэм зыщиIуантIэ-шантIэри,
а зыщиIуэнтIам деж и псэри щыхэкIащ.

28 ЦЩэщэр и анэр щхьэгъубжэм къыдоплъ,
щхьэгъубжэ хъарым къыIусу мабжэ:
«ЦЩхьэ апхуэдизрэ къэт и хьэкуэстыгур?
ЦЩхьэ къэмыIурэ хьэкуэстыгу макъыр?»
29 И гуащэгъусэхэм игу фIы къыхуащI,
езыми араш зытригъэчыныхьыр:
30 «Къуентхъ къащтауэ ягуэшыжу арагъэнщ:
зауэлI къэс зы цIыхубз е тIу,
ЦЩэщэр щхьэкIэ щыгъыныгъуэ къуэлэнхэр,
къуэлэну, хэдыкIауэ щыгъыныгъуэхэр,
щыгъыныгъуэ дахэу хэдыкIахэр яубыда цIыхубзхэм я
плIэм ирапхъуэу».

31 Мис апхуэдэу зэпытыр къахурекIуэ уэ уи бийхэм,
ТХЬЭ!
Ауэ фIыуэ укъэзылъагъухэр хуэдэнущ дыгъэм
и къарур из хъууэ зыщиIэтым.

Абы иужькIэ щIым мамырыгъэ илъащ илъэс плIыщIкIэ.

ЕХАНЭ ІЫХЬЭ

Миданхэм къаІэщІихыну исрэІилхэр Тхьэм зэрелъэІуар

6 **1** ИсрэІилхэм аргуэру ТХЬЭМ деж нэмысын Іуэхухэр ялэжьу щыхуежьэжым, илъэсибл енкІэ ахэр миданхэм я ІэмыщІэ иригъэлъащ. **2** Зи ІэмыщІэ ихуахэм исрэІилхэр бжьым щІагъэувати, бгы зэхуакухэмрэ бгъуэнщІагъхэмрэ зыгъэпщкІупІэ щащІу хуежьащ. **3** ИсрэІилхэм вэн-сэн зэраухыу, миданхэр, амэлычхэр, къуэкІыпІэ лъэпкъ гуэрхэр я хэкум къытеуэрт. **4** Я щІым дзэуэ щигъуэлъыкІырти, гъавэр Джазэ нэсыху къанэ щымыІэу ирагъэкъэбзыкІырт, ИсрэІилым зэрыпсэун зыри къыхуагъанэртэкъым – мэли, выи, шыди. **5** Ахэр, мацІэ къэпщІа фІэкІа умыщІэну, я Іэщ, я шэтырхэр я гъусэжу къакІуэрт. ЩІыхумрэ махъшэмрэ бжыгъэншэт; хэкум къыщІизэрыхьри псы ирагъэжыхьыжын мурадкІэт. **6** ИсрэІилхэр апхуэдизкІэ тхьэмыщкІапІэ ирагъэуват миданхэми, ТХЬЭМ гущІэгъу къахуищІыну елъэІуащ.

7-8 ЩелъэІум, бегъымбар къахуигъэкІуащ: «ТХЬЭМ, ИсрэІилым и Тхьэм, къывжиІэр мыращ: „Сэращ пщылІыпІэ фыздита Мысырым фыкъизышыжар, **9** Сэращ Мысырым и залымыгъэми, фыдэзыкъузэ дэтхэнэми фыкъезыгъэлар. Лей къывэзыххэр вбгъэдэсхури, абыхэм я щІыр фэ фэстащ. **10** ВжесІатэкъэ: ‘Фи Тхьэр – ар сэращ, ТХЬЭРЩ! ЗищІ фытес амэрейхэм я тхьэхэр фымылъытэ’. Ауэ фыкъызэдэІуакъым“».

Хьидуан

11 ТХЬЭМ и МелыІычыр[a] Іуфыр къыщыкІ жыгейм и лъабжьэм щетІысэхащ. Абдежыр Абэзэр и лъэпкъым щыщ ЙоІэш и щІы Іыхьэт. А сыхьэтым ЙоІэш и къуэ

[a] **6:11** Мы мелыІыч хьэлэмэтым Тхьэм и унафэр щІыхум я деж къегъэс, Абы и цІэкІэ мэпсалъэри, ТХЬЭ дыдэрауэ къыщалъытэ щыІэщ.

Хьидуан санэщIэхум и кIуэцIым гуэдз щиIуэрт, миданхэм гу лъаримыгъатэу. 12 ТХЬЭМ и МелыIычым зыкъигъэнаIуэри жиIащ: «ТХЬЭР пщIыгъущ, зауэлI лъэщ».

13 «НтIэ, зиусхьэн, – идакъым Хьидуан, – ТХЬЭР тщIыгъумэ, сыт мыпхуэдиз гузэвэгъуэ дыщIыхэтыр? Дэнэ щыIэ ди адэжьхэм зи гугъу ящIыжа абы и Iэужь телъыджэхэр? ЖаIэрти мыпхуэдэу: „Мысырым дыкъришакъэ дэ ТХЬЭМ?“ Хьэуэ, дэ ТХЬЭМ IэщIыб дищIри миданхэм я Iэмыщ Iэ дрилъхьэжащ».

14 Абы щыгъуэм ТХЬЭМ Хьидуан къыжреIэ: «ЕбгъэрыкIуи уи къарукIэ ИсрэIилыр миданхэм къыIэщIэх. УзогъакIуэ».

15 «А, зиусхьэн, – игъэщIэгъуащ Хьидуан, – сэ къыскуегъэлыну ИсрэIилыр? Си лъэпкъым нэхъ къаруушэ хэткъым Минащ и лIакъуэм, ди унагъуэми сэращ нэхъ мыхьэнэншэр».

16 «Сэ суригъусэнущ, – тригъэгушхуащ ТХЬЭМ. – ИкIи миданхэр уэ хэбгъэщIэнущ, зы цIыхуу фIэкIа къыпщымыхъуу».

17 «НэфIкIэ укъызэрызэплъыр пэжмэ, – лъэIуащ Хьидуан, – къызэпсалъэр шэч хэмылъу ТХЬЭР зэрыарам и нэщэнэ сыгъэлъагъу. 18 КхъыIэ, мыбдежым зыщыIэжьэ, тыгъэ къыпхуэсхьыху».

Абы къигъэгугъащ: «Сэ сыножьэнущ, къэбгъэзэжыху».

19 Хьидуан кIуэжри чыцI фIигъэжащ, и лыр игъэващ, зы къэп цIыкIу из хьэжыгъэм къыхэкI щIакхъуэ мыкIумыпщ* игъэхьэзыращ. Лыр матэм ирилъхьэщ, лэпсыр кхъуэщыным ирикIэри, къыпэплъэм деж къихьащ, жыгей лъабжьэм хущIилъхьащ.

20 Абы щыгъуэм Тхьэм и МелыIычым къыжриIащ: «Лымрэ щIакхъуэмрэ къащтэ, мы мывэшхуэм телъхьи, лэпсыр текIэж». Хьидуан апхуэдэуи ищIащ. 21 ИIыгъ башым и зы кIапэмкIэ ТХЬЭМ и МелыIычыр лъэIэсащ лымрэ щIакхъуэмрэ. Мывэшхуэм мафIэ бзий къыхэлыдыкIри, лыри щIакхъуэри ибзеящ. ТХЬЭМ и МелыIычри бзэхыжащ.

22 Хьидуан ар ТХЬЭМ и МелыІычу зэрыщытыр къыгурыІуэри къэшынащ: «Уей! ТХЬЭУЭ Тепщэныгъэ ЗиІэ! Сэ ТХЬЭМ и МелыІычым сыІуплъащ!»

23 Ауэ ТХЬЭМ абы и гур фІы къыхуищІащ: «Зыгъэмамыр. УщІэшынэн щыІэкъым, уэ абы уикІуэдыкІынукъым». **24** Хьидуан абдежым ТХЬЭМ къурмэнщІыпІэ щыхуищІри, цІэи фІищыжащ: «ТХЬЭР мамырыгъэщ[a]». Нобэр къыздэсым ар щыІэщ Абэзэр и лъэпкъым я щІым хыхьэ Іуфыр деж.

25 А жэщ дыдэм ТХЬЭМ абы къалэн къыщецІ: «Уи адэм и хъушэм къыхэх илъэсибл зытекІа танэ телъхуэр* [b]. БэІэл хуагъэува къурмэн щІыпІэ уи адэм ІэщІэлъыр зэхэкъутэ, Ашэрэт и пкъо абы бгъурытыр иупщІыкІ. **26** ТХЬЭМ, уи Тхьэм, лъагапІэм къурмэн щІыпІэ щыхуэухуэ хабзэм тету, итІанэ Ашэрэт и пкъом къыхэкІа пхъэмкІэ танэр тыхь гъэсын щІы».

27 И унэІутхэм щыщу цІыхуипщІ гъусэ ищІри, Хьидуан ТХЬЭМ къалэн къыщищІар игъэзэщІащ. Ауэ и Іыхьлыхэмрэ къалэдэсхэмрэ ящышынэрти, махуэу темыгушхуэу, жэщу зэфІигъэкІащ.

28 Пщэдджыжьым къалэдэсхэр къыщыхъеям, БэІэл и къурмэн щІыпІэр зэхэкъутат, абы дэкІуэу Ашэрэт и пкъори ираупщІыкІат, танэри къурмэн щІыпІэщІэм щагъэсат! **29** «Хэт мыр зыщІар?» – зэупщІыжырт ахэр. Къалъыхъуэурэ, зыгуэрхэм къыжраІащ: «Ар зыщІар ЙоІэш и къуэ Хьидуанщ».

30 «Уи къуэр къыщІэш», – къыпагъэуват ЙоІэш къалэдэсхэм. «Ар псэу хъунукъым, абы БэІэл и къурмэн щІыпІэр зэтрикъутэри Ашэрэт и пкъори ириупщІыкІащ!»

31 «Фэра БэІэл къыщхьэщыжыр? – захуигъэзащ ЙоІэш къэзыухъуреихьа гуп къэплъам. – Фэра ар къезыгъэлыну хуейр?

---

[a] **6:24** Журт. "ЙХВХ Шалом".

[b] **6:25** *илъэсибл зытекІа танэ телъхуэр* Е: "гуурэ илъэсибл зи ныбжь гуу етІуанэрэ".

Абы къыщхьэщыж дэтхэнэри нэху мыщу ажалым Iущ Iэнущ. БэIэл тхьэр пэжмэ, къурмэн щыхуащI щIыпIэр зэтезыкъутэхэм иребэныжыф».

32 А махуэм щыщIэдзауэ Хьидуан ЕрубэIэлкIэ[a] еджэ хъуащ, «БэIэл иребэныж абы, икъутар езым къурмэн щыхуащI щIыпIэщи», жаIэурэ.

Хьидуан Тхьэр зэригъусэнум и щыхьэт къригъэлъагъуну зэрелъэIуар

33 Миданхэр, амэлычхэр, адрей къуэкIыпIэ лъэпкъхэр зэрыубыдщ, Iурдын псым зэпрыкIри, ИзрэIэл тафэм дзэ пщыIэу щитIысыкIащ. 34 Хьидуан ТХЬЭМ и Псэр къыхуехати, гъуом епщэри, абэзэрхэр къызэхуэсащ, и ужьым къиувэну хьэзырхэу. 35 Абы хъыбарегъащIэхэр Минащ и лIакъуэр щыпсэу щIыналъэм и гъунапкъэ псомкIи зэбгригъэкIащ, Iэщэ къащтэным къыхуриджэу. Апхуэдэу джакIуэ яхуигъэкIуащ Ащир, Заблун, Нэхуталий сымэ я лIакъуэхэми, ахэри къыдэзэуэну къеувэлIащ.

36 Хьидуан Тхьэм зыхуигъэзащ: «Уэ ИсрэIилыр, зэрыжыпIам тету, си IэкIэ къебгъэлынумэ, 37 мис, сэ хьэмым мэлыщ къэщар тызогуашэ. Уэсэпсыр цым техэрэ, щIыр гъущэу къанэмэ, хьэкъ сщыхъунущ ИсрэIилыр си IэкIэ къызэребгъэлынур». 38 Апхуэдэуи хъуащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм Хьидуан жьыуэ къэтэджащ. Абы цыр икъузурэ, зы фалъэ из хъун псы къыщIихуащ.

39 Аргуэру Хьидуан Тхьэм йолъэIу: «Укъысхуэмыгубжь. Зы Iуэхугъуэ закъуэкIэ сынолъэIужыну хуит сыкъэщI. Иджыри зы гъэунэхуныгъэ сыгъэщI. МызэкIэ цыр гъущэу кърени, абы и хъуреягъ щIым уэсэпс тырырехэ». 40 А жэщым ТХЬЭМ ищIащ апхуэдэу. Гъущэу къэнар цым и закъуэщ; ихъуреягъкIэ щIыр зэрыщыту уэсэпст.

[a] **6:32** ЖуртыбзэкIэ «БэIэл иребанэ» жиIэу къокI.

ЕБЛАНЭ ІЫХЬЭ

Тхьэм миданхэр Хьидуан и Іэмыщіэ къызэрырилъхьар

7 **1** ЕрубэІэлкІэ иджы зэджэ Хьидуани и зауэлІу хъуари жьыуэ къэтэджри Хьэрод[a] псынэм деж дзэ пщыІэу щитІысыкІащ. Миданхэм я увыгъэр абыхэм я ищхъэрэт, Мэурэ джабэм и лъабжьэм хуэзэу.

2 ТХЬЭМ Хьидуан къыжриІащ: «Уи зауэлІхэр куэдыІуэ мэхъу. Езыхэм я къарукІэ текІуауэ къащыхъужу си деж зыщамыгъэпэгэн щхьэкІэ, Сэ апхуэдизым я Іэмыщіэ миданхэр изгъэхуэнукъым. **3** ЯжеІэ уи зауэлІхэм: „Шынэхэр, зигу къикІэзыкІхэр фи унэ фыкІуэж, къэвбгынэ ДжылыІэдей бгыр[b]“». ЩІыху мин тІощІрэ тІурэ яхэкІащ, минипщІ къанэри.

4 Аргуэру ТХЬЭМ Хьидуан къыжриІащ: «ЗауэлІхэр иджыри куэдыІуэщ. Псори псым ешалІи, Сэ абдежым ахэр щыпхуэзгъэунэхунщ. „Мыр уи гъусэу нэкІуэнущ“ жыхуэсІэр къэнэнщ, „Мыр уи гъусэу нэкІуэнукъым“ жысІэмэ, ар нэмыкІуэну аращ».

5 Хьидуан къыхуэна зауэлІхэр псым иришэлІащ. Абдежым ТХЬЭМ къыщыжриІащ: «Псым, хьэм хуэдэу, елъыпхэмрэ, лъэгуажьэкІэ тІысурэ ефэхэмрэ зэхэгъэкІ».

6 ЗауэлІ щищыр елъыпырт, адрейхэр лъэгуажьэкІэ тІысауэ псыр ІэкІэ я жьэм хуахьырт[c].

---

[a] **7:1** ЖуртыбзэкІэ «гузавэ» жиІэу къокІ.

[b] **7:3** "ДжылыІэдей" щыжаІэ хабзэр, Іурдын псым и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ бгы е щІыналъэ щытепсэлъыхьыращ. Мыбы зи гугъу ищІ Іуэхугъуэхэр къыщыхъур Іурдын псым и къухьэпІэ лъэныкъуэрщ, ИзрэІэл тафэм пэгъунэгъуу.

[c] **7:6** Е: «ЗауэлІ щищыр елъыпырт, псыр ІэгукІэ я жьэм хуахьурэ, адрейхэр, ефэн папщІэ, лъэгуажьэкІэ тІысат».

7 ТХЬЭМ Хьидуан къыжриІащ: «А елъып зауэлІ щищымкІэ Сэ фыкъезгъэлынущ, миданхэри фи Іэмыщ Іэ ислъхьэнущ. Адрейхэм псоми ирагъэзэж». 8 Арати, Хьидуан лей хъуа исрэІилхэр иутІыпщыжри, я шэтырхэм ягъэзэжащ, къигъэна щищым иутІыпщыжахэм я шхынымрэ гъуохэмрэ къахуэнащ.

Миданхэм я увыгъэр нэхъ и лъабжьэмкІэ щыІэт, уэхым хуэзэу. 9 А жэщ дыдэм ТХЬЭМ Хьидуан къыжриІащ: «ЗыІэти ятеуэ миданхэм, Сэ ахэр уи Іэмыщ Іэ ислъхьэнущ. 10 Уатеуэн ушынэмэ, уи Іуэхутхьэбзащ Іэ Пурэ зыщІыгъу, абыхэм гъунэгъу захуэщІи, 11 жаІэм якІэщІэдэІухь. Уазэребгъэрыкіуэн лІыгъэ абы къыуитынщ».

Хьидуанрэ Пурэрэ бийм я увыгъэм нэс къехащ. 12 Миданхэм, амэлычхэм, адрей къуэкІыпІэ лъэпкъхэм, мащІэм хуэдэу, уэхыр яуфэбгъуат. Абыхэм махъшэу я гъусэм и куэдагъыр хы Іуфэм Іулъ пшахъуэм хуэдэт.

13 Хьидуан къыщысам, зыгуэрым илъэгъуа пщІыхьэпІэр и ныбжьэгъум хуиІуэтэжырт: «Сэ сепщІыхьащ, – жиІэрт абы, – хьэм къыхэщІыкІа щІакхъуэ хъурейр миданхэм ди дзэ пщыІэмкІэ къажэу. ЩІакхъуэр къажэурэ шэтыр гуэрым жьэхихьэри, ар игъэукІуриящ».

14 «Ар ИсрэІилым щыщ ЙоІэш и къуэ Хьидуан и джатэращ. Тхьэм миданхэри ди дзэ пщыІэри зэрыщыту абы и Іэмыщ Іэ дрилъхьащ», – пщІыхьэпІэр игъэнэІуащ зраІуэтылІам.

15 Хьидуан а псор зэхиха нэужь, ТХЬЭМ щхьэщэ хуищІащ. Дзэ пщыІэм къигъэзэжри, жиІащ: «ФызэщІэтаджэ! ТХЬЭМ миданхэр ди Іэмыщ Іэ кърилъхьащ».

16 ЗауэлІ щищыр гупищу игуэшри, дэтхэнэми гъуорэ пхъэдзакІэ мафІэ зэрыгъэпщкІухьа кхъуэщынымрэ яІэщІилъхьащ. 17 «Си дежкІэ фыкъаплъэурэ, – яжриІэрт абыхэм, – сэ зэрыщІым хуэдэу фщІы. Бийр щитІысыкІам пэгъунэгъу дыхъумэ, сэ сщІэ дыдэр фэри фщІэ. 18 Си гъусэхэмрэ сэрэ гъуом депщэу

щIэддзэмэ, фэри я хъуреягъкIэ фыкъыщепщэурэ фыкIий: „ТХЬЭМРЭ Хьидуанрэ я цIэкIэ дозауэ!“».

19 Хьидуан зауэлIищэ и гъусэу бийр щитIысыкIа щIыпIэм къыщысам, къэрэгъулхэр зэблэкIа къудейт. Ахэр гъуом епщащ, яIэщIэлъа кхъуэщынри якъутащ. **20** Зэуэ адрей гупхэми зауэлIу хэтыр я гъуом епщэри кхъуэщынхэри ягъэщэщащ. Iэ ижьымкIэ гъуом епщэу, сэмэгумкIэ пхъэдзакIэ мафIэр яIыгъыу, кIийхэрт: «ТХЬЭмрэ Хьидуанрэ я цIэкIэ дозауэ!»

21 Бий пщыIэхэр къаувыхьауэ дэтхэнэри и пIэм имыкIыу щытт, ауэ миданхэр щIэпхъуэжыну хуейуэ зэхэзежэрт, къыздажыхьым, зэрыгъэкIийрт. **22** Гъуо щищым я макъыр зэхыхьэжа нэужь, ТХЬЭМ апхуэдэу иухри, миданхэм я джатэр зым адрейм хуагъэзэжащ. Я дзэр Дзырэрэ кIуэ гъуэгум тету Бэтшитэ, адэкIэ Тэбат пэмыжыжьэ Абэл-Мыхуэлэ и Iуфэм нэсыху жащ.

23 Хьидуан и къыхуеджэныгъэкIэ, Нэхуталий, Ащир, Минащ сымэ я лIакъуэхэр къызэхуэсри миданхэм якIэлъыпхъэращ. **24** ЕфрэIим бгылъэхэм исхэми хъыбарегъащIэхэр яхуигъэкIуащ Хьидуан: «Бгыхэм фыкъехи миданхэм факъыпежьэ, абыхэм япэ зивгъахуи Бэтбэрэхь нэсыху щыIэ псыхэми Iурдыни яIэ икIыпIэхэр фубыд». ЕфрэIимхэр къызэхуэсри псы икIыпIэу хъуар яубыдащ. **25** Абыхэм Iэрыубыд ящIри миданхэм я Iэтащхьитыр – Iэрыуэрэ ЗэIэбрэ – яукIащ. Iэрыуэ щаукIа къырым «Iэрыуэ и къыр» фIащыжат, ЗэIэб щаукIам «ЗэIэб и санэщIэху» фIащыжат. Миданхэр адэкIи яхурт. Iэрыуэрэ Зыуэрэ я щхьэр Iурдын псы Iуфэм къыщыувыIа Хьидуан хуахьащ.

ЕЯНЭ ІЫХЬЭ

Хьидуан къыхуэхъущІэхэмрэ къыпэувхэмрэ ярищІар

8 1 ЕфрэІимхэр Хьидуан техъущІыхьу хуежьащ: «Ар дауэ къыдэпщІа? Миданхэм уезэуэну ущыкІуэм укъыщІыдэмыджар сыт?»

2 «Фэ фэлъытауэ сэ сыти схуэщІа? ЕфрэІимхэм къыткІэлъащыпа жызумыр нэхъыфІкъэ ди Абэзэр лъэпкъым кърахьэлІа жызумым и куэдагъым нэхърэ? 3 Тхьэм миданхэм я Іэтащхьэ Іэрыуи ЗэІэби фи Іэмыщ Іэ ирилъхьай. Фэ фхуэдэ сищІыну, сэ сыт слъэкІынут?» – жэуап яритыжащ Хьидуан. Апхуэдэу щажриІэм, я губжьыр тІысыжащ.

4 Хьидуани и гъусэ зауэлІ щищри езэшат, ауэ зэрыпхъэрт. Ахэр Іурдынып сым нэсри зэпрыкІащ. 5 Хьидуан Сэкъуэт къалэм дэсхэм елъэІуащ: «Си зауэлІхэм я лъэр щІэхуным нэсащ, яшхын къефт, дэ иджыри мидан пащтыхьхэу Зэбэхьрэ Зэлмунрэ я лъэужьыр дымыхуу хъунукъым».

6 АрщхьэкІэ къалэм дэс пашэхэм жаІащ: «Уэ Зэбэхьрэ Зэлмунрэ Іэрыубыд щумыщІакІэ, дэ уи зауэлІхэр сытым щхьа пхуэдгъэшхэн хуей?»

7 Хьидуан къэгубжьащ: «А жыфІам щхьэкІэ, ТХЬЭМ Зэбэхьрэ Зэлмунрэ си Іэмыщ Іэ кърилъхьэу къэзгъэзэжа нэужь, пыжьейрэ хьэцыбанейкІэ фи фэр исхынщ».

8 Абы икІри ПэнрэІил дэсхэм а лъэІу дыдэмкІэ захуигъэзати, Сэкъуэт къалэ дэсхэм я жэуапым хуэдэщ къратар. 9 «Сэ ситекІуауэ къэзгъэзэжмэ, мы чэщанэр зэтескъутэнщ», – яжриІащ абыхэми.

10 А зэманым Зэбэхьрэ Зэлмунрэ Къэркъэр щыІэт, зауэлІ мин пщыкІутху хуэдиз я гъусэу, арат къуэкІыпІэ лъэпкъхэм я дзэм щыщу къэнэжар. ЗауэлІ минищэрэ тІощІрэ хэкІуэдат.

11 Хьидуан, и гупыр дэщIыгъуу Нэбэхь, Егъбэхь къалэхэм я нэхъ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ пхырыкI чэруан гъуэгумкIэ дэкIуейри, абдежым зэкъуэхууэ щызэхэс биидзэм теуащ. **12** Дзэр шынэм зэщIищтауэ зэхэзежэ хъуащ. Мидан пащтыхьитIыр, Зэбэхьрэ Зэлмунрэ, щIэпхъуэжат, ауэ якIэлъеIэри тIури Iэрыубыд ящIащ.

13 Хьидуан Хьэрэс лъагапIэм щекIуэкIа зауэм къикIыжа нэужь, **14** Сэкъуэт щыщ щIалэщIэ къиубыдри, еупщIурэ, Сэкъуэт и пашэхэм, и тхьэмадэхэм я цIэр жригъэIащ – псори блыщIрэ блы хъурт. **15** ИтIанэ къакIуэри Сэкъуэт дэсхэм къажриIащ: «Мис сэ щIэнэкIалъэ сыщIэфщIа Зэбэхьрэ Зэлмунрэ. „Уэ Зэбэхьрэ Зэлмунрэ Iэрыубыд щумыщIакIэ, дэ уи зауэлIхэр сытым щхьа пхуэдгъэшхэн хуей?“ жыфIэрт».

16 Хьидуан а къалэм и тхьэмадэхэр иубыдри пыжьейрэ хьэцыбанейкIэ я фэр ирихащ. **17** Абы нэмыщI ПэнрэIил дэт чэщанэр зэтрикъутэри къалэм дэс цIыхухъухэри зэтриукIащ.

18 А псом иужькIэ ар Зэбэхьрэ Зэлмунрэ еупщIащ: «Фэ Таур деж щывукIахэр сыт хуэдэ цIыхут?»

«Уэ уэщхьт, – жэуап къатащ абыхэм, – дэтхэнэри я теплъэкIэ пащтыхьым и къуэ хуэдэт».

19 Хьидуан жиIащ: «Ахэр сэ си къуэшт, си анэм и къуэт. ТХЬЭМ и цIэкIэ жызоIэ, фэ абыхэм гущIэгъу яхуэфщIауэ щытамэ, сэ фи гъащIэр къыфIызмыхынт».

20 Хьидуан и къуэ нэхъыжь Етэр дежкIэ зигъазэри, жриIащ: «Еуи укI мыхэр!» Етэр и джатэр кърихакъым, ар иджыри щIалэщIэти, щтэIэщтаблэт.

21 Зэбэхьрэ Зэлмунрэ: «Къыдэуи уэ езым дыукI. ЦIыхум ещхьыжщ и къарури», – щыжаIэм, Хьидуан тIури иукIащ, я махъшэхэм я пщэм мазэ ныкъуэм ещхьу илъ дыщэхэкIхэри[a] кърихащ.

[a] **8:21** Iейм щызыхъумэ дыуэ хуэдэу арат.

Хьидуан исрэIилхэр Тхьэм и гъуэгум зэрытригъэкIар

22 ИсрэIилхэр елъэIуащ Хьидуан: «Уэ IэщхьэтетΦ тхуэхъу. ИтIанэ IэщхьэтетΦ тхурехъу уи къуэр, итIанэ уи къуэрылъхур. Уэращ дэ миданхэм дакъыIэщIэзыхар».

23 Хьидуан идакъым: «Сэ фи IэщхьэтетΦ сыхъунукъым, си къуэри фхуэхъунукъым IэщхьэтетΦ. Фи унафэ зыщIынур ТХЬЭРАЩ». **24** АдэкIэ Хьидуан яжриIащ: «Зыщ сызэрывэлъэIур. Фязыхэзми и къуентхъымΦ щыщу тхьэгъу зырыз къызэфт». Бийхэр исмэхьилти[a], дыщэ тхьэгъу зэрахьэрт.

25 «ТфIэфI дыдэу уэттынщ», – жэуап къатащ псоми. Абыхэм щыгъын щIыIутелъыр яубгъури, дэтхэнэми и къуентхъым щыщу дыщэ тхьэгъу зырызыр традзащ. **26** Дыщэ тхьэгъуу Хьидуан зэхуихьэсар шэкIэл минрэ щибл[b] хъурт. Абы хыхьэртэкъым дыщэм къыхэщIыкIа мазэ ныкъуэхэр, пщэрылъхэр, мидан пащтыхьхэм зэрахьа щыгъын шакъафэхэр, нэрынэу зэрыгъэлъэдауэ махъшэхэм я пщэм илъа лэрыпс лъапIэхэр.

27 Хьидуан дыщэм тхьэпщ кIэпхынΦ къыхищIыкIауэ езым и къалэ Iуфыр щихъумэрт. Арати, исрэIилхэм тхьэпщ кIэпхыным щхьэщэ хуащIу[c], ТХЬЭМ хуаIэ пэжыныгъэм епцIыжу щIадзащ, апхуэдэуи тхьэпщ кIэпхыныр Хьидуанрэ и унагъуэмрэ гъэпцIапIэ яхуэхъуащ.

---

[a] **8:24** Исмэхьил, Мидани хуэдэу, Ибрэхьим и къуэщ. Зэманыр кIуэурэ, абыхэм къатепщIыкIахэр – миданхэмрэ исмэхьилхэмрэ – зыуэ къалъытэ хъуащ. Ауэ, исрэIилхэм къазэрыщыхъумкIэ, а фIэщыгъитIым щыщу «исмэхьилкIэ» зэджэхэрауэ къыщIэкIынущ беягъым ирапхыр. (Еплъ УблапIэ 16:15; 25:2; 37:28).

[b] **8:26** Дыщэу килограмм тIощIым нэблагъэ хъунущ.

[c] **8:27** Хуэбгъэфащэ хъунущ мыбдежым зи гугъу ищI тхьэпщ кIэпхыныр щыгъыныгъуэу щымыту, атIэ а щыгъыныгъуэм ещхь дыщэ гъэжауэ.

Хьидуан дунейм зэрехыжар

28 ИсрэIилхэр миданхэм тепщэ яхуэхъуати, я щхьэр
кърагъэIэтыртэкъым. Хьидуан зэрыпсэуа илъэс плIыщIым
щIыналъэм мамырыгъэ илъащ.
29 Езы Хьидуан, ЙоIэш и къуэ ЕрубэIэлыр, и унэ
етIысылIэжат. 30 Абы щхьэгъусэ куэд къишати, ауэрэ къуэ
блыщI игъуэтащ. 31 Шэчэм къалэм щыпсэу и жэщгъуэлъ цIы-
хубзми абы щIалэ цIыкIу къыхуилъхуащ. Сабийм Абимелэч
фIащащ. 32 ЙоIэш и къуэ Хьидуан и ныбжьыр хэкIуэтауэ ду-
нейм ехыжри, и адэм и кхъэлъахэ Абэзэр и лъэпкъым я щIым
хиубыдэ Iуфыр деж щыIэм щыщIалъхьэжащ.
33 Хьидуан дунейм зэрехыжу, исрэIилхэм щIадзащ ТХЬЭМ
хуаIэ пэжыныгъэм епцIыжу, БэIэл и скъархэм* зыхуагъэщхъыу.
Абыхэм тхьэуэ ялъытэр БэIэл-Бэритт[a], 34 ТХЬЭР, я Тхьэ
хъуреягъым бийуэ щаIэм къезыгъэлар, ящыгъупщат. 35 Ерубэ-
IэлкIэ зэджа Хьидуан и унагъуэм хуаIэн хуея пэжыныгъэри
абы ИсрэIилым фIыгъуэу къахуилэжьари ящыгъупщэжат.

ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

Абимелэч Шэчэмым и пащтыхь зэрыхъуа щIыкIэр

9 1 ЕрубэIэл и къуэ Абимелэч Шэчэм щыпсэу и анэдэлъху-
хэм я деж къакIуэри, езыхэми я унагъуэхэми захуигъэзащ:
2 «ЛъэкIыныгъэ зиIэу Шэчэм щыпсэууэ хъуам феупщI: „Сыт
фи дежкIэ нэхъыфIыр: ЕрубэIэл и къуэ блыщIыр фи тетмэ,
хьэмэрэ тету зы закъуэ фиIэмэ?“ Зыщывмыгъэгъупщэ, сэ фэ
сывилщ икIи сывикъупщхьэщ».

[a] **8:33** ЖуртыбзэкIэ «ЗэгурыIуэныгъэм и тепщэ» жиIэу къокI.

3 Абимелэч и анэдэлъхухэм ар шэхьэмдэсхэм жраІэжа нэужь,
къыдаІыгъыну мурад ящІащ, «ар дэ ди къуэшщ», жаІэри.
4 Абимелэч, БэІэл-Бэрит и тхьэлъэІупІэ унэм щІэлъым щыщу
дыжьын шэкІэл блыщІ[a] къратати, абыкІэ цІыху мыхъумыщІэ,
хьэулей гуп къищтащ. Ахэр и гъусэу 5 Іуфыр къакІуэщ и адэм
и унэми, и къуэш блыщІри, и адэ ЕрубэІэл и къуэхэр, зы мы-
вэм триукІыхьащ. Ауэ ЕрубэІэл и къуэ нэхъыщІэ дыдэ Йотэм
зигъэпщкІури къелащ.

6 Шэчэми, Бэтмылэ чэщанэми[b] щыпсэууэ хъуар Шэчэмым
щыІэ мывэ лъапІэм и гъунэгъу жыгейм деж[c] къыщызэхуэсри,
Абимелэч пащтыхь ящІащ.

Йотэм Абимелэчи Шэчэм щыпсэухэми зэребгар

7 Ар Йотэм щыжраІэм, Джырзым бгым и щхьэм дэкІри,
къахуекІиехащ: «Фыкъызэдаіуэ, Шэчэм дэсхэр, Тхьэм фэ-
ри фызэхихыжын щхьэкІэ! 8 Зэгуэрым жыгхэм мурад ящІащ
пащтыхь зыхухахыну. Зейтун* жыгым жраІащ: „Пащтыхь
тхуэхъу!“ 9 Абы идакъым: „Жыгхэм сратетын щхьэкІэ, тхьэхэри
цІыхухэри зэрагъэлъапІэ дагъэр ІэщІыб сщІынуи?“ 10 Абы иужь
ахъуэ* жыгым жраІащ: „Уэ къакІуи пащтыхь тхуэхъу“. 11 Ауэ
ахъуэм жэуап къаритащ: „Жыгхэм сратетын щхьэкІэ, дэгъуэрэ
ІэфІыу си пыкІэр ІэщІыб сщІынуи?“ 12 КъыкІэлъыкІуэри, жы-
зумейм жраІащ: „Уэ къытхутеувэ пащтыхьу“. 13 Ауэ жызумейм
жэуапу къаритащ: „Жыгхэм сыратетын щхьэкІэ, тхьэхэми
цІыхуми гукъыдэж къезыт си санэпсыр ІэщІыб сщІынуи?“
14 ЩІымыхъужым, жыгхэр пыжьейм елъэІуащ: „Уэ къытхуэкІуэ
пащтыхьу“. 15 Пыжьейми жэуапу къет: „Сэ фи пащтыхь сыфщІу

[a] **9:4** Грамм щийм нэблагъэ хъунущ.

[b] **9:6** Шэчэм и гъунэгъуу е и кІуэцІым щыІэ быдапІэщ.

[c] **9:6** *мывэ лъапІэм и гъунэгъу жыгейм деж* Е: «жыгей лъапІэм и деж». Еплъи Йушэ 24:26.

фи щхьэкIэ сывгъэувыныр пэжмэ, фыкъызэкIуалIи си жьауэр щхьэегъэзыпIэ фщIы. Армырамэ, си банэхэм къыхрелыдыкI къурш уэздыгъей* нэгъунэ зыбзеин мафIэ бзий лъэщхэр".

16 Араши, пэжагърэ пщIэрэ пылъ фэ Абимелэч пащтыхь зэрыфщIам? ЕрубэIэли и унагъуэми ефщIар напэ, яхуэфащэм хуэдэу факъыхущIэкIа? 17 Си адэр фэр щхьэкIэ зэуащ, миданхэм факъыIэщIихын папщIэ, псэзэпылъхьэпIэм* итащ. 18 ИтIани нобэ си адэм и унагъуэм фыпэщIэувэу зыкъэфIэтащ, и къуэ блыщIыр зы мывэм тевукIыхьри пщылI цIыхубзым и къуэ Абимелэч, фызэрикъуэшым щхьэкIэ, Шэчэм щыпсэууэ хъуам я пащтыхь фщIащ.

19 Нобэ фэ ЕрубэIэлрэ и унагъуэмрэ кIэлъызефхьам пэжагърэ пщIэрэ пылъмэ, фыщыгуфIыкI Абимелэч, езыри къыфщрегуфIыкI! 20 Армырамэ, Абимелэч къыпхрелыдыкI Шэчэмрэ Бэтмылэрэ дэсхэр фызыбзеину мафIэ бзийр, фэри, Шэчэмрэ Бэтмылэрэ щыпсэухэм, къыфхрекI мафIэ бзии, Абимелэч ирес!»

21 Абы иужькIэ Йотэм щIэпхъуэжри БэIэр къалэм дэтIысхьащ, и къуэш Абимелэч къылъэмыIэсын хуэдэу.

Абимелэч зэрыкIуэдар

22 Абимелэч илъэсищкIэ ИсрэIилым и тетащ. 23 Ауэ Тхьэм Абимелэчрэ Шэчэм дэсхэмрэ я кум жин бзаджэ къыдиутIыпщхьэри, шэхьэмдэсхэм Абимелэч емыдэIуэжу щIадзащ. 24 Апхуэдэу щIэхъуар ЕрубэIэл и къуэ блыщIым ираха лейр мыгъэгъуным, абыхэм я лъыр Абимелэчи Шэчэм щыпсэуа и къуэшхэр иукIынымкIэ абы дэIэпыкъуэгъу хуэхъуахэми щIыхуэу ятехуэным щхьэкIэщ. 25 Тетыр ягъэбийти, шэхьэмдэсхэр бгыщхьэхэм цIыхум къащыпэтIысырт, блэкIыу хъуар яхъунщIэрт, ящIам и хъыбарыр Абимелэч деж нэсыжырт.

26 Абдежым ирихьэлІэу и къуэшхэри и гъусэу Шэчэм
къэкІуащ Абэд и къуэ ДжэІэл, шэхьэмдэсхэми я дзыхь абы
ирагъэзащ. **27** Зэры-Шэчэму губгъуэм дэкІауэ жызумыр
пачыжт, ар япІытІт, ягъэмахуэщІырт. Ахэр я тхьэм и унэм
кІууэ, ефэ-ешхэ щащІт, Абимелэч нэлат ирахт. **28** ДжэІэл
жиІащ: «Абимелэч сытым ищІыс, дэри сытым дрищІысу
Шэчэм дыдэс, абы и унафэ дыщІэтыну? ЕрубэІэлкъэ ар зи
къуэр, Зэбылкъэ и лІыкІуэр? Шэчэм и адэ Хьэмур и цІыхухэм
фахуэлажьэ! Сыт дэ Абимелэч дыщІедэІуэнур? **29** Шэчэм-
дэсхэр си унафэ щІэту сиІатэми! Сэ кІэр естынт Абимелэч.
ЖесІэнт: „Уи дзэр къызэщІэгъэуІуи къэув!“»

30 ДжэІэл и псалъэхэр къалэм и тет Зэбыл щызэхихым,
хуабжьу губжьащ. **31** Абы щэхуу[a] лІыкІуэхэр Абимелэч
хуигъэкІуащ, мыпхуэдэ псалъэхэр хуигъэхьри: «Абэд и къуэ
ДжэІэл и къуэшхэр дэщІыгъуу Шэчэм къэкІуауэ къалэр уи бий
ящІ. **32** Аращи, ныжэбэ уи зауэлІхэр уи гъусэу губгъуэм къихьи
къапэтІыс. **33** ПщэдджыжьыМ, нэхулъэр къыщызэкІэщІитхъым,
къалэм къытеуэ. ДжэІэлрэ и зауэлІхэмрэ къыппежьа нэужь,
узыхуей дыдэр ещІэ».

34 Абимелэч и зауэлІхэр и гъусэу къежьащ, гупиплІу за-
гуэшри Шэчэм деж къащыпэтІысащ. **35** ДжэІэл къалэ дыхьэ-
пІэм къэуваУэ щытт, Абимелэчрэ и зауэлІхэмрэ я гъэпщкІу-
пІэм къыщыкъуэкІым. **36** Ахэр къилъагъури, ДжэІэл жриІащ
Зэбылым: «Плъэт, бгыщхьэхэм цІыху къох!»

Зэбыл идакъым: «Бгым къытридзэ ныбжьыр цІыхуу къып-
щыхъуу аращ уэ».

37 ДжэІэл аргуэру жиІащ: «Еплъ, бгым къох цІыху, тхьэгу-
рымагъуэхэм я жыгеймкІи зы гуп къокІ».

---

[a] **9:31** *щэхуу* Е: «Арумэ деж».

38 Зэбылыр къыхуилъащ: «Дэнэ кIуэжа уи щхьэщытхъугъэр? Уэратэкъэ жызыIар: „Сыт Абимелэч зищIысыр, и унафэ дыщIэтыну?“ Ахэратэкъэ уэ ауан пщIар? ИIэ иджы, япэуви езауэ!»

39 ДжэIэл шэхьэмдэсхэм я пашэу Абимелэч и дзэм къезэуащ. **40** Абимелэч ДжэIэлрэ и цIыхухэмрэ ирихужьэжати, абыхэм къалэ дыхьэпIэмкIэ ягъэзэжауэ жэрт, ауэ къалэм зэрыдыхьэ куэбжэм нэмыс щIыкIэ куэдыр яукIащ. **41** Абимелэч АрумэкIэ игъэзащ, абы и лIыкIуэ Зэбыл ДжэIэли и къуэшхэри Шэчэм къыдихуащ.

42 КъыкIэлъыкIуэ махуэм Шэчэм дэсу хъуар губгъуэм дэкIати, абы и хъыбар Абимелэч къыIэрагъыхьащ. **43** Абы и зауэлIхэр зэщIикъуэщ, гупищу игуэшри, губгъуэм пэтIыс щищIащ. Къалэм къыдэкI цIыхухэр къыщилъагъум, зиIэтри ятеуащ. **44** Абимелэч зы гупыр езым и гъусэу къалэм зэрыдыхьэ куэбжэм деж зыщагъэбыдащ, адрей гупитIыр губгъуэм ит цIыхум ятеуэри зэтраукIащ. **45** Махуэ псокIэ зэуащ Абимелэч, къалэр иубыду дэсу хъуар зэтриукIэху. А псом иужькIэ абы къалэр щIым щыщ ищIыжри, шыгъу трикIутэжащ[a].

46 Къэхъуар къащыгурыIуэм, Шэчэм чэщанэм дэсахэр БэIэл-Бэрит[b] тхьэунэм и щIы щIагъ быдапIэм ехащ. **47** Ахэр здэщыIэр Абимелэч къыщыжраIэм, **48** и зауэлIхэр и гъусэу Зэлмэн бгым дэкIащ. Джыдэ къищтэщ, къудамэ къыпиупщIри и дамэм трилъхьащ. И гъусэ зауэлIхэми унафэ яхуищIащ: «ПсынщIэу, сэ зэрысщIым хуэдэу, фэри фщIы».

49 Псоми къудамэ къыпаупщIри, Абимелэч и ужь иуващ. Къудамэхэр щIыунэ щIыхьэпIэм щызэтралъхьэри, мафIэ щIадзэжащ. Апхуэдэу Шэчэм чэщанэм щыпсэууэ хъуар – цIыхубз, цIыхухъуми – миным нэс хисхьащ а мафIэм.

[a] **9:45** Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, нэлат зэрырихым и щыхьэту.

[b] **9:46** Журт. «Эл Берит», н.ж. «зэгурыIуэныгъэм и тхьэ» – БэIэл-Бэрит и етIуанэ фIэщыгъэцIэ. Еплъ 8:33; 9:4.

50 Абы иужькIэ Абимелэч Тэбэз къалэр къиувыхьри иубыдащ.
51 Абы чэщанэ быдэ дэтти, къалэм дэсыр зэрыщыту щхьэхьу
зэрыщIыхьащ. И кIуэцIымкIэ зыкъыщагъэбыдэри, чэщанэм и
щхьэм дэкIуеяхэщ. 52 Абимелэч чэщанэм теуащ, ауэ щIыхьэпIэм
мафIэ щIидзыну гъунэгъу зыщыхуищIым, 53 зы цIыхубз чэща-
щхьэм щхьэл мывэр къридзыхри, и щхьэкъупщхьэр хуикъутащ.
54 Абы и Iэщэзехьэр къриджэри жриIащ: «Джатэр къихи
сыукI, „ар цIыхубзым иукIащ“ къысхужамыIэн щхьэкIэ». И
Iуэхутхьэбзащ Iэм джатэр къыхихуэри, и псэр хэкIащ. 55 Аби-
мелэч зэрылIар къыщалъагъум, исрэIилхэр зэбгрыкIыжащ, я
унэ екIуэлIэжащ.
56 Апхуэдэ щIыкIэкIэ Тхьэм Абимелэч иригъэпшыныжащ и
къуэш блыщIыр иукIыжу и адэм лей кIэлъилэжьауэ зэрыщытар.
57 Тхьэм игъэгъуакъым Шэчэм дэсхэм зэрахьа лейри. Абыхэм
къатехуащ ЕрубэIэл и къуэ Йотэм и нэлатыр.

ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

Толэрэ ЯIиррэ

10 1 Абимелэч иужькIэ ИсрэIилым и къегъэлакIуэу зыкъэ-
зыIэтар Ищэхъар и лIакъуэм щыщ Дуду и къуэ Пыуэ и
къуэж ТIулэщ. Ар щыпсэуащ ЕфрэIим бгылъэхэм ит Щамыр
къалэм. 2 Толэ ИсрэIилым и гъуазэу щытащ илъэс тIощIрэ
щыкIэ. Дунейм ехыжа нэужь, ар Щамыр щыщIалъхьэжащ.
3 Толэ иужькIэ ДжылыIэдей щыщ ЙаIир зыкъиIэтри, ИсрэIи-
лым и гъуазэу щытащ илъэс тIощIрэ тIукIэ. 4 Абы къуэуэ щэщI
къыщIэхъуати, псори шыд тесут зэрызекIуэр[a]. ДжылыIэдей[b]

[a] **10:4** Шыдым тесу зекIуэныр къулеигъэмрэ зыщыщ лIакъуэр зэры-
хэIэтыкIамрэ и нэщэнэт.

[b] **10:4** ДжылыIэдей щIыналъэр здэщыIар Iурдын псым адэкIэ къуэкIы-
пIэ лъэныкъуэрщ, иджырей Iурдыным и щIыналъэм хуэзэу.

щIыналъэм щаIэт къалэ щэщI, нобэми абыхэм зэреджэр Хьэуэт-ЙаIирейщ[a]. 5 ЙаIир дунейм ехыжа нэужь, Къэмыуэн щыщIалъхьэжащ.

ИсрэIилхэр Тхьэм зэрыхуэмыжыIэщIам папщIэ хьэзаб зэрыхэхуэжар

6 ИсрэIилхэм аргуэру щIадзэжащ ТХЬЭМ деж нэмысын Iуэхухэр ялэжьу. Абыхэм зыхуагъэщхъырт БэIэлрэ Аштэрэтрэ я скъархэм, арэмейхэм, саидейхэм, мэуабейхэм, амонейхэм, фылистейхэм я тхьэхэм, езым я ТХЬЭР къагъэнэжауэ, хуэжыIэщIэтэкъым. 7 ТХЬЭР губжьри ИсрэIилыр фылистейхэмрэ амонейхэмрэ я IэмыщIэ иригъэхуащ, 8 абыхэм я дэкъузэныгъэмрэ залымыгъэмрэ яригъэшэчащ. Абдеж щегъэжьауэ илъэс пщыкIуийкIэ абыхэм я бжьым щIэтащ Iурдын и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм, ДжылыIэдейм щыпсэу исрэIилхэр, амэрейхэр щыпсэуа щIыналъэм исхэр. 9 Амонейхэр Iурдыныпсми зэпрыкIащ, ехьудейхэм, бенаминхэм, ефрэIимхэм езэуэну.

ИсрэIилхэм гузэвэгъуэшхуэ къалъэIэсати, 10 ТХЬЭМ елъэIуащ: «Дэ уи деж, ди Тхьэм и пащхьэм, гуэныхьышхуэ щыдлэжьащ, IэщIыб утщIу БэIэл и скъархэм дазэрыхуэпщылIамкIэ».

11 ТХЬЭМ закъригъэщIэжащ: «Мысырхэм, амэрейхэм, амонейхэм, фылистейхэм 12 саидейхэм, амэлычхэм, мэуэнейхэм[b] фи фэр ирахыу, Сэ фыкъезгъэлыну фыкъыщызэлъэIуам, я IэмыщIэм фыкъисхыжатэкъэ?» 13 АрщхьэкIэ фэ, сыкъэвгъанэри, нэгъуэщIытхьэхэм фахуэпщылIащ, абы къыхэкIыуи афIэкIа фыкъезгъэлынукъым. 14 ФыкIуи фелъэIу фэ езым

---

[a] **10:4** Журтыбзэкlэ «ЙаIир и къуажэхэр» жиIэу къокI.

[b] **10:12** Е: "миданхэм".

къыхэфхыжа нэгъуэщIытхьэхэм. Абыхэм фыкъыхыраш фызыхэт гузэвэгъуэм!»

15 ИсрэIилхэр нэхъри елъэIурт ТХЬЭМ: «Дэ гуэныхь длэжьащ. Узыхуейуэ хъуар къыдэщIэ, ауэ иджыпсту мы гузэвэгъуэм дыкъыхэш!» – жаIэу. 16 Абыхэм хамэтхьэхэр IэщIыб ящIыжри, я ТХЬЭМ хуэжыIэщIэу щIадзэжащ. Абы щыгъуэм ИсрэIилым и цIыхум ятелъ бэлыхьыр ящхьэщимыхыжыну ТХЬЭМ хузэфIэкIакъым.

17 Амонейхэм зауэм зыхуагъэхьэзыру ДжылыIэдей щIыналъэм дзэ пщыIэу щитIысыкIым, исрэIилхэри къызэхуэсри Мызпэхь[a] деж дзэ пщыIэу щитIысыкIащ. 18 ДжылыIэдей дэсхэм я пашэхэм зэжраIэрт: «Амонейхэм дезэуэну дезышажьэращ ДжылыIэдей Iэщхьэтет щыхъунур».

ЕПЩЫКIУЗАНЭ IЫХЬЭ

Етыхь

11 1 ДжылыIэдей щыщ Етыхь зауэлI лъэщт, ауэ абы и анэр къэхыпэт, и адэр ДжылыIэдт. 2 ДжылыIэд и щхьэгъусэми къыхуилъхуауэ къуэ иIэхэти, ахэр балигъ къэхъуа нэужь, Етыхь зыхахуащ. «Уэ дэ удиIыхьэгъукъым, ди анэм укъилъхуакъыми», – жаIащ абыхэм. 3 Етыхь и къуэшхэм яхэкIри Туб щIыналъэр увыIэпIэ ищIати, мыхъумыщIэ гуэрхэр пэшэгъу хуэхъууэ, зэгъусэу теуэ ящIырт.

4 Зэман зыбжанэ дэкIауэ, амонейхэм ИсрэIилым зауэ къращIыIэри, 5 ДжылыIэдей тхьэмадэхэр Туб кIуащ, Етыхь яшэжыну. 6 «НэкIуэжи дзэпщ тхуэхъу, амонейхэм дегъэзауэ», – жаIащ абыхэм.

---

[a] **10:17** ДжылыIэдей щIыналъэм щыIа къалэщ, Iурдынымсым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ хуэзэу. Мыр 20–21 Iыхьэхэм къыхэщ Мызпэхьыракъым.

7 Етыхь идакъым: «Фэракъэ сыкъэфлъагъу мыхъуу си адэм и унэм сыкъыщIэзыхуар? Сыт иджы, гузэвэгъуэр къыщыфлъэIэсам, си деж фыкъыщIэкIуар?»

8 «Дауэ щымытами, иджыпсту зыныпхудогъазэ: ди гъусэу нэкIуэжи, амонейхэм езауэ, – мэлъаIуэ тхьэмадэхэр, – итIанэ ДжылыIэдейм щыпсэууэ хъуам ураIэтэщхьэнущ»

9 Етыхь тригъэчыныхьащ: «Амонейхэм севгъэзэуэну сыфшэжауэ, ТХЬЭМ ахэр си Iэмыщ Iэ кърилъхьауэ сощI – пэжу фи Iэтащхьэ сыфщIыну?»

10 Тхьэмадэхэми тхьэрыIуэ ящI: «ТХЬЭР ди щыхьэтщ, уэ зэрыжыпIэм хуэдэ дыдэу тщIынкIэ».

11 Етыхь тхьэмадэхэм я гъусэу ДжылыIэдей щIыналъэм кIуэжащ, цIыхубэм ар Iэтащхьэ ящIри дзэпщуи хахащ. Абы Мызпэхь деж ТХЬЭМ и пащхьэ иджыри зэ щыжиIащ тхьэмадэхэм яжриIауэ щытар.

12 Етыхь амоней пащтыхьым деж лIыкIуэ игъэкIуащ, иригъэупщIыну: «Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ уэ уиIэр, си хэкум укъытеуэну?»

13 Амонейхэм я пащтыхьым лIыкIуэхэм жэуап къаритащ: «ИсрэIилыр Мысырым къыщикIыжым, Арнэныпсым щегъэжьауэ ЙабэкIыпсымрэ Iурдыныпсымрэ нэсыху си щIым щыщу иубыдащ. Аращи, уарэзыуэ къызэтыж».

14 Етыхь аргуэру лIыкIуэхэр игъэкIуащ амоней пащтыхьым деж, 15 мыпхуэдэ псалъэхэр иригъэхьри: «ИсрэIилым иубыдакъым мэуабейхэм я щIи, амонейхэм я щIи. 16 ИсрэIилхэр Мысырым къыщикIыжым, пшахъуэщIым итурэ Къамылыхым[a] нэс кIуэри, Къуэдэс къалэм екIуэлIащ. 17 Абдежым исрэIилым едумей пащтыхьым лIыкIуэ хуигъэкIуат елъэIуу: „Уи хэкумкIэ дыкIуэцIрыкIыну хуит дыкъэщI“. Едумей пащтыхьыр

[a] 11:16 Мыбдежым зи гугъу ищI псыр IупщIкъым ауэ хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Хы Плъыжьым и АкIабэ псыдэуапIэращ.

къедэIуэхакъым. ИсрэIилым лIыкIуэ хуигъэкIуат мэуабейхэм я пащтыхьми, ауэ абыи къигъэщIэхъуащ. ИсрэIилыр Къуэдэс деж къыщынащ.

18 Абы иужькIэ пшахъуэщIым къыщакIухьащ, Едумейми Мэуабейми ящIхэм къыпакIухьащ, Мэуабей щIым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм къыщыувыIэри Арнэныпсым и адрыщIым щытIысащ. Ар ихьакъым Мэуабей щIым – мэуабейхэм я гъунапкъэр Арнэныпсыратэкъэ.

19 ИсрэIилым и лIыкIуэхэр игъэкIуащ Хьэшбэным и тет амэрей пащтыхь Сихъуэн деж елъэIуу: „Уи хэкумкIэ дыкIуэщIрыкIыу ди лъахэм дихьэну хуит дыкъэщI“. **20** АрщхьэкIэ ИсрэIилым дзыхь хуищIтэкъыми, Сихъуэн ар къыхуидакъым. ЗауэлIу иIэр зэхуишэсщ, Йахьэз деж къащыпэтIысри, ИсрэIилым теуащ. **21-22** Апхуэдэу щыхъум, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, Сихъуэни и зауэлIу хъуари исрэIилхэм я IэмыщIэ кърилъхьати, хагъэщIащ. Арнэныпсрэ ЙабэкIыпсрэ, пшахъуэщIымрэ Iурдынрэ яку илъ щIыр зэрыщыту яубыдри, амэрейхэм я щIыналъэр ИсрэIилым щыщ хъуащ.

23 Иджы, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, езым къыхиха лъэпкъым амэрейхэр щабгъэдихуакIэ, уэ сыт хуэдэ хуитыныгъэ уиIэ мы щIыналъэм ущыгугъыну? **24** Уэ уи тхьэ КIэумыш къыуита щIыр уиIэщ. Дэри дыдейщ ТХЬЭМ, ди Тхьэм, къыдита щIыр зэрыщыту. **25** СыткIэ унэхъыфI уэ мэуабей пащтыхь Дзыбэр и къуэ Бэлакъ[a] нэхърэ? Ар ИсрэIилым зэ нэхъ мыхъуми къыщыхьа е къезэуа?

26 ИсрэIилыр илъэс щищкIэ щыпсэуащ Хьэшбэн, Арэр, абыхэм къедза жылэхэм, Арнэныпсым етIысэкIа къалэу хъуам. Сыт а зэманым и кIуэцIкIэ ахэр щIумыубыдар? **27** Сэ

[a] **11:25** Илъэс щищ ипэ Бэлакъ яужь итат ИсрэIилым уд иригъэбгыну, ауэ, Тхьэм и IэмыркIэ, удым гыбзафэм и пIэкIэ хъуэхъущ къыжьэдэкIар. Еплъ ПшахъуэщIым 22–24.

уэ сынокъуэншэкIакъым, уэращ сэ къызэкъуэншэкIар, зауэ къызищIылIэу. ТХЬЭР – хеящIэщ*. Абы зэхрегъэкI нобэ исрэIилхэмрэ амонейхэмрэ я зэдауэр».

28 АрщхьэкIэ амоней пащтыхьыр Етыхь и псалъэхэм едэIуакъым.

29 Абы щыгъуэм Етыхь къыхуехащ ТХЬЭМ и Псэр. Етыхь ДжылыIэдейрэ МинащрэкIуэцIрыкIщ, ДжылыIэдей хэкум щыIэ Мызпэхь дэкIри, амонейхэм ебгъэрыкIуэну хуежьащ. **30** Абы ТХЬЭМ псалъэ быдэ иритащ: «Уэ амонейхэр си IэмыщIэ къиплъхьэмэ, **31** текIуэныгъэр къэсхьауэ сыкIуэжа нэужь, япэ си унэ къыщIэкIыу си дежкIэ къэзыунэтIыр уэ тыхь гъэсын пхуэсщIынущ».

32 Етыхь амонейхэм ятеуэри, ТХЬЭМ ахэр и IэмыщIэ къригъэхуащ. **33** Абы Арэр щегъэжьауэ Мынит, Ауэл-Чэрмим нэсыху къалэ тIощIыр зэтрикъутэпащ. Апхуэдэу ИсрэIилыр амонейхэм тепщэ яхуэхъуащ.

34 Етыхь Мызпэхь къэкIуэжу и унэ къыщихьэжым, хэт къыпежьэнт тIомпIырэ цIыкIу* зэуэм къыдэфэжу къыщIэкIа и пхъур къанэу! А зырат абы быну иIэр. Абы фIэкIа къуэи пхъуи иIэтэкъым. **35** Ар къилъагъури, Етыхь и щыгъыныр зэхичатхъэурэ[a] кIиящ: «ЕI, си хъыджэбз! СыкъэбукIащ! Насыпыншэ сыпщIащ! Сэ ТХЬЭМ сызэмыпцIыжыфын псалъэ быдэ естащ».

36 «Си адэ, – жиIащ пхъум, – уэ ТХЬЭМ псалъэ быдэ ептащ. Къызэрыбгъэгугъа дыдэр къызэщIэ, абы уэ уи бий амонейхэм уатригъэкIуащ. **37** Ауэ си зы лъэIу къысхуэщIэ, – къыпищащ хъыджэбзым. – МазитI къызэт, бгыхэм къыщыскIухьыну, зэи сызэрыдэмыкIуэнум си ныбжьэгъухэр си гъусэу сытепыхьэжыну».

[a] **11:35** КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу лъэпкъхэм гуауэ къащытепсыхэкIэ, я щыгъынхэр зэхачатхъэу хабзэ яхэлъащ.

38 «Ирехъу апхуэдэу», – жиІэри иутІыпщащ, мазитІ пІалъэр иІэу. И ныбжьэгъу хъыджэбзхэм я гъусэу бгым дэкІри, зэи зэрыдэмыкІуэнум тепыхьащ. 39 МазитІыр дэкІри, абы и адэм деж къигъэзэжащ, икІи Етыхь тхьэ иІуар игъэзэщІащ[a]. Къыхуиухатэкъым хъыджэбзым цІыхухъу игъэунэхуну.

Абдежщ къыщежьэр исрэІилхэм я хабзэр, 40 илъэс къэс хъыджэбзхэр къыдэкІрэ махуиплкІэ зэгъусэу, ДжылыІэдей щыщ Етыхь и пхъум теухуа уэрэд жаІэу.

ЕПЩЫКІУТІАНЭ ІЫХЬЭ

ЕфрэІимхэм Етыхь къаугъэ хадзауэ зэрыщытар

12 1 ЕфрэІимхэр зэуакІуэ къежьащ. Дзэфэн деж Іурдын псыежэхыр къызэпаупщІри Етыхь хуаІуэхуащ: «Амонейхэм уезэуэну ущыкІуэм, сыт укъыщІыдэмыджар? Абы щхьэкІэ уэри, уи унэ исхэри мафІэ фщІэддзынурэ фыдгъэсынущ!»

2 Етыхьым абы жэуапу иритащ: «Си лъэпкъри сэри хуабжьу къыдэныкъуэкъу амонейхэм дащыпэщІэтым, джакІуэ фхуэсщІат, ауэ фыкъакІуэу зыкъысщІэвгъэкъуакъым. 3 ДэІэпыкъуэгъу фыкъызэрысхуэмыхъунур къыщызгурыІуэм, сэ, псэзэпылъхьэпІэу* щытми, псым сызэпрыкІри амонейхэм зеспщытащ, икІи ТХЬЭМ сатригъэкІуащ. Сыт-тІэ иджы сэ зэуакІуэ фыкъыщІысхуэкІуар?»

4 ЕфрэІимхэм жаІэрт: «Фэ, джылыІэдейхэр, фыепщІыжакІуэщ, ЕфрэІимрэ Минащрэ я лІакъуэхэм факъыхэкІуэсыкІащ!» Абдежым Етыхь джылыІэдейуэ хъуар зэхуишэсщ, ефрэІимхэм езауэри хигъэщІащ.

---

[a] **11:39** Языныкъуэ щІэныгъэлІхэм Етыхь и пхъур, пэжу, тыхь гъэсын ищІауэ къалъытэ. Нэгъуэщ Іхэр зэреплъымкІэ, хъыджэбзыр дэмыкІуэу, щытыкІэ хэгъэщхьэхукІакІэ ТХЬЭМ телэжьэну хухахат.

5 ДжылыIэдейхэм ЕфрэIимым узэрыкIуэ Iурдын псы икIыпIэр яубыдати, ефрэIимхэм щыщу къелар зэпрагъэкIыжыну лъэIуэху, джылыIэдейхэр еупщIырт: «У-ефрэIим?» – жаIэурэ. «Хьэуэ», – жиIэу жэуап къэзытым 6 паубыдырт: «„Шибболет“ жыIэт». ЕфрэIимхэм а псалъэр тэрэзу къажьэдэкIыртэкъыми, «сибболет» жаIэрт, арати къаубыдырти псы икIыпIэм деж щаукIырт. Абы щыгъуэ ефрэIим мин плIыщIрэ тIурэ яукIат.

7 Етыхь ИсрэIилым и гъуазэу щытащ илъэсихкIэ. Ар дунейм ехыжа нэужь, ДжылыIэдейм и зы къалэ щыщIалъхьэжащ.

Ибсан, Елон, Абдун

8 Абы иужькIэ ИсрэIилым и гъуазэ хъуащ Бэтлахьым щыщ Ибсан. 9 Абы къуэуэ щэщI, пхъууэ щэщI иIэт. Ипхъухэр езым и лъэпкъым щымыщщ зритар, и къуэхэми къахуиша хъыджэбз щэщIыр и лъэпкъым щымыщщ. Ар ИсрэIилым и гъуазэу щытащ илъэсиблкIэ. 10 ИтIанэ, дунейм ехыжа нэужь, Бэтлахьым щыщIалъхьэжащ.

11 Абы иужькIэ илъэсипщIкIэ ИсрэIилым гъуазэу иIар Заблун и лIакъуэм щыщ Елэнщ. 12 Ар дунейм ехыжа нэужь, Заблун и щIым хэт Айалон щыщIалъхьэжащ.

13 Абы иужькIэ ИсрэIилым гъуазэу иIар Пэртэуэн щыщ Хьылэл и къуэ Абдунщ. 14 Абы къуэуэ плIыщIрэ къуэрылъхуу щэщIрэ иIэти, шыд блыщIым тесу зэхэзекIуэхэрт. Ар ИсрэIилым и гъуазэу щытащ илъэсийкIэ. 15 Абдун дунейм ехыжри, амэлычхэр щыпсэуа бгылъэхэм ЕфрэIим и лIакъуэм щаIэ щIым ит Пэртэуэн щыщIалъхьэжащ.

ЕПЩЫКІУЩАНЭ ІЫХЬЭ

Шамсун

13 1 ИсрэІилхэм ТХЬЭМ деж нэмысын Іуэхухэр ялэжьу щІадзэжащ, абы щхьэкІэ ТХЬЭМ ахэр филистейхэм* я ІэмыщІэм илъэс плІыщІкІэ иригъэлъащ.

2 А зэманым Зорэ жылэм Мынэхъкіэ еджэу зылІ щыпсэурт. Ар езыр Дан и лІакъуэм щыщт. И щхьэгъусэр мылъхуэти, бын иІэтэкъым. 3 Зэгуэрым а цІыхубзым ТХЬЭМ и МелыІычыр къыхуэкІуащ: «Уэ умылъхуэщ, ауэ иджы дагъуэ бгъуэтынурэ къуэ къэплъхунущ. 4-5 ЩІалэ цІыкІур дунейм къыщытехьам щыщІэдзауэ Тхьэм и назиру[a] псэунущи, аращ абы и щхьэцым щхьэщ лъэІэс щІэмыхъунури. КъызжиІакъым жумыІэж, сани нэгъуэщІ фадэхэкІи уемыфэ, къабзагъэ зыбгъэдэмылъ ерыскъы умышх. А щІалэращ ИсрэІилыр филистейхэм къаІэщІэхыжыным яужь ихьэнур».

6 ЩІыхубзыр и щхьэгъусэм деж кІуэри жриІащ: «Тхьэм и цІыху къысхуэкІуащ. Ар ещхьт Тхьэм и МелыІычым, и теплъэм щІыхь хуигъэщІт икІи уигъэгужьейрт. КъыздикІам сыщІэупщІакъым, езыми и цІэр къызжиІакъым. 7 Ауэ абы сигъэІущащ: „Уэ дагъуэ уиІэ хъунурэ, къуэ къэплъхунущ. А щІалэ цІыкІур дунейм къыщытехьам щыщІэдзауэ лІэху Тхьэм и назиру щытыну къыхуихащи, санэ е нэгъуэщІ фадэхэкІ уефи къабзагъэ зыбгъэдэмылъ пшхыи хъунукъым“».

8 «Тепщэныгъэ ЗиІэ, сынолъэІу, – зыхуигъэзащ Мынэхъ ТХЬЭМ, – зэ къытхуэкІуа Тхьэм и цІыхур иджыри къытхурекІуи, щІалэ цІыкІур дунейм къытехьэмэ, дызэрыхущытынумкІэ дрегъэІущ».

---

[a] **13:4-5** ЩытыкІэ хэха иІэу Тхьэм хуэлэжьэну нузыр зытелъ цІыху. Еплъ ПшахъуэщІым 6:1-21.

9 Тхьэм Мынэхъ и лъэIур зэхихри, и МелыIычыр зи закъуэу лажьэу губгъуэм ит цIыхубзым деж къигъэкIуащ. 10 ЦIыхубзыр пIащIэу и щхьэгъусэм деж жащ: «ЩIэхыу! Ар къэкIуащ! А япэм къысхуэкIуауэ щыта цIыхур къэкIуащ!» – жиIэри.

11 Мынэхъ занщIэу и щхьэгъусэм яужь иуващ. КъэкIуам бгъэдыхьэри еупщIащ: «Уэра си щхьэгъусэм къепсэлъар?»

«Сэращ», – жэуап къритащ Абы.

12 «ЖыхуэпIар къэхъумэ, – щIэупщIащ Мынэхъ, – дауэ сабийм дызэрыхущытынур, сыт ар къызыхуигъэщIыр?»

13 «Уи щхьэгъусэм сэ жесIахэр игъэзэщIэн хуейщ, – къыжриIащ ТХЬЭМ и МелыIычым. – 14 Жызумым къыхэщIыкIа е къабзагъэ зыбгъэдэмылъ ишхи, санэ е нэгъуэщI фадэхэкI ефи хъунукъым. Абы игъэзэщIэн хуейщ сэ жесIауэ хъуар».

15 Мынэхъ елъэIуащ ТХЬЭМ и МелыIычым: «ЗытхуэIэжьэ, чыцI дукIыу пхуэдгъэхьэзырыхукIэ».

16 «ЗызбгъэIэжьэ щхьэкIэ, сэ уи ерыскъы сшхынукъым, – къыжриIащ абы. – Ауэ ТХЬЭМ тыхь гъэсын хуэпщI хъунущ».

Мынэхъ иджыри къыгурыIуатэкъым ар ТХЬЭМ и МелыIычу зэрыщытыр. 17 ЙолъэIу: «Уи цIэр къыджеIэ, жыпIар нахуапIэ хъумэ, удгъэфIэжыфын хуэдэу».

18 ТХЬЭМ и МелыIычым къыжриIащ: «Сыт уэ си цIэм укъыщIыщIэупщIэр? Ар зи мыхьэнэр къыпхуэмыIуэтэн цIэ телъыджэщ».

19 Мынэхъ чыцIымрэ гъавэ тыхьхэмрэ ихьри, мывэшхуэм деж ТХЬЭМ къурмэн щыхуищIати, Абы Мынэхърэ и щхьэгъусэмрэ я нэгу телъыджэ щIигъэкIащ: 20 къурмэн щIыпIэм деж мафIэ бзийм зэрызыщиIэту, а бзийм хэту ТХЬЭМ и МелыIычым уафэм зиIэтыжащ. Ар къызэралъагъуу, Мынэхърэ и щхьэгъусэмрэ зрадзыхри щIым нэсу щхьэщэ ящIащ.

21 ТХЬЭМ и МелыIычыр ямылъагъуж щыхъум, Мынэхъ къыгурыIуащ Ар зищIысар. 22 «Иджы дэ шэч хэмылъу дылIэнущ! – къэуIэбжьащ Мынэхъ. – Дэ Тхьэр тлъэгъуащ!»

23 АрщхьэкIэ цIыхубзым идакъым: «Дэ ТХЬЭМ ажал къытхуигъэфэщатэмэ, Абы ди къурмэныр къабыл ищIынутэкъым, а ди нэгу щIэкIари щIигъэкIынутэкъым».

24 ЦIыхубзым щIалэ цIыкIу игъуэтри, Шамсун фIищащ. Сабийм зиужьырт, ТХЬЭМ и нэфI къыщыхуэ зэпытт. 25 ТХЬЭМ и Псэр япэ къылъэIэсащ Зорэрэ АщтэIэлрэ я кум ит Мэхъанэ-Дан[a] щыщыIам щыгъуэ.

ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ IЫХЬЭ

Шамсун фылистей цIыхубз щхьэгъусэу къызэришар

14 1 Зэгуэрым Шамсун Тэминэ къалэм кIууэ игу ирихьат фылистей хъыджэбз. 2 Къигъэзэжа нэужь и адэ-анэм яжриIащ: «Тэминэ зы фылистей хъыджэбз щыслъэгъуащи, щхьэгъусэу къысхуэфшэ».

3 Адэми анэми яфIэфI хъуакъым: «Къыбдалъхуахэм е ди лъэпкъ псом цIыхубз хэмытыжу ара? Дауэ сунэтмыщIыжь фылистейхэм[b] я деж фызышэ узэрыкIуэнур?» – жаIащ абыхэм.

АрщхьэкIэ Шамсун адэм зыхуигъэзащ: «Аращ сэ сигу къыдыхьар. Ар къысхуэшэ». 4 Абыхэм ящIэртэкъым ар ТХЬЭМ и унафэу зэрыщытыр. А зэманым ИсрэIилыр фылистейхэм яIэщIэлъти, ТХЬЭМ къигъэхъурт абыхэм щIапэувын щхьэусыгъуэ.

---

[a] **13:25** ЖуртыбзэкIэ «Дан и дзэ пщыIэ» жиIэу къокI.

[b] **14:3** Фылистейхэм, исрэIил лъэпкъым ещхьу, щIалэ цIыкIум и фэлыр паупщIын хуейуэ къэзыгъэув хабзэ яIэтэкъым. Абы къыхэкIыу исрэIилхэр фылистейхэм "сунэтмыщIыжькIэ" еджэрт, абыкIэ ягъэпуду.

5 Арати, Шамсун и адэ-анэр щIыгъуу Тэминэ кIуащ. Ахэр Тэминэ и жызум хадэхэм щынэблагъэм, напIэзыпIэм гъуахъуэу аслъэн къыхэжри, Шамсун дежкIэ къиунэтIащ. 6 ТХЬЭМ и Псэр къылъэIэсри, Шамсун а аслъэныр Iэ пцIанэкIэ зэпкъритхъащ, чыцI цIыкIуу фIэкIа къыщымыхъуу. Ауэ ищIар и ади, и ани яжриIэжакъым. 7 Хъыджэбзым деж кIуэщ, епсалъэри, гунэс щыхъупащ.

8 Зэман тIэкIу дэкIауэ, хъыджэбзыр къишэну здэкIуэм, аслъэным и хьэдэм еплъыну гъуэгум триIуэнтIыкIащ. Абы бжьэ къэпщIа кIуэцIысу, фо кIуэцIыту къыщIэкIащ. 9 Фор IэкIэ кърилъэщIыкIри гъуэгум здытетым ишхащ. И адэ-анэми фом щыщ къахуихьри яригъэшхащ. ЯщибзыщIащ[a] а фор аслъэн лIам и кIуэцIым къызэрырихар.

10 Араци, Шамсун и адэр нысэ къашэнум и унэ къэкIуащ. Малъхъэ хъунухэм зэрахабзэу, Шамсун ефэ-ешхэ зэхиублащ. 11 Шамсун зыхуэдэр щалъагъум, цIыху щэщI щауэгъу* къыхуащIат, и гъусэн хуейуэ.

12 Шамсун абыхэм яжриIащ: «Сэ зы къуажэхь вжесIэнущ. Фэ ар ефэ-ешхэр зэрекIуэкIыну махуиблым къриубыдэу къыфхуэщIэмэ, сэ чэтэн* щIагъщIэлъ пIащIэу щэщIрэ щIыIутелъу щэщIрэ фэстынущ. 13 Къыфхуэмыщ Iэмэ, фэ езыхэм къызэфтынущ щIагъщIэлъ пIащIэу щэщIрэ щIыIутелъу щэщIрэ».

«Хъунщ, дегъэдаIуэ уи къуажэхьым», – арэзы хъуащ ахэр.

14 Шамсун жиIащ:

«Шхэрейм шхын къыхэкIащ,
лъэщым IэфI къыпкърыкIащ».

МахуищкIэ къуажэхьыр къахуэщIакъым.

---

[a] **14:9** ЩIибзыщIар Тхьэм и унафэхэм щыщ зыбжанэ, зэребакъуэр ищIэжу, ебэкъуати араш. Еплъ Пшахъуэщ Iым 6:6; Лэбийхэр 11:27, 40.

15 Махуэ ебланэри[a] къэсащ, къуажэхьыр иджыри къащIатэкъым. Арати, Шамсун и нысащIэр ягъэшынащ: «Къуажэхьым и жэуапыр уи лIым къыпкърых, армырамэ уэри уи адэри фи унэм фыщIедгъэсхьэнущ. ДыкъыщIевгъэблэгъар дыфхъунщIэну ара?»

16 Езы нысащIэри Шамсун хуэгъынанэ зэпытт: «Уэ сэ сыкъэплъагъу хъуркъым! Уэ сэ фIыуэ сыкъэплъагъуркъым. Си лъэпкъэгъухэм яжепIа къуажэхьым и жэуапыр сэ къысщыбобзыщI».

«Жэуапыр си адэ-анэ дыдэхэми яжесIакъым, – жиIащ абы. – Уэ сытым щхьа бжесIэн хуей?»

17 Ефэ-ешхэр зэрекIуэкIа махуиблым и кIуэцIкIэ нысащIэм и гъыныр зэпигъэуакъым. Махуэ ебланэм Шамсун и щхьэр иужэгъури, зыхуейр къыжриIащ. Мыдрейми ар занщIэу и лъэпкъэгъухэм яIэригъэхьащ.

18 Махуэ ебланэм, дыгъэ къухьэгъуэм деж, къалэм дэс цIыхухъухэм Шамсун жэуапыр къратащ:

«Сыт фом нэхърэ нэхъ IэфIыр?
Хэт аслъэным нэхърэ нэхъ лъэщыр?»

Шамсун къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр: «Фэ си шкIащIэмкIэ фымывауэ щытамэ, си къуажэхьри къэфщIэфынутэкъым».

19 ТХЬЭМ и Псэр къылъэIэсри, Шамсун Ашкъэлэн кIуэщ, къалэдэс щэщI иукIщ, я щыгъыныр къащихри, къуажэхьыр къэзыщIахэм яритащ. Губжьым къызэгуичу ар и адэм и унэ екIуэлIэжащ. **20** Апхуэдэу щыхъум, Шамсун и щхьэгъусэр щауэгъуу иIахэм нэхъ пажэу яхэтам иратыжащ.

---

[a] **14:15** НэгъуэщI Iэрытххэм зэритыр «махуэ еплIанэу»-щ. «Махуэ ебланэ» жыхуиIэр пэжмэ, жэуапхэр къагъэIуу щыщIадзар махуищыр кIуа нэужьу къыщIэкIынущ.

ЕПЩЫКIУТХУАНЭ IЫХЬЭ

Шамсун илъ фылистейхэм я деж зэрыщищIэжар

15 **1** Зэман дэкIауэ, гуэдз Iухыжыгъуэм ирихьэлIэу, Шамсун и щхьэгъусэр илъагъуну къэкIуащ, чыцI цIыкIуи къихьри. Абы жиIащ: «Сэ си щхьэгъусэм деж сыщIыхьэну сыхуейщ».

Ауэ цIыхубзым и адэм щIигъэхьакъым. **2** «Сэ шэч къытесхьэртэкъым уэ ар къэплъагъу зэрымыхъуми, – къыжриIащ абы, – уи щауэгъуу щытам естыжащ. Абы и шыпхъу нэхъыщIэр нэхъ дахэкъэ? Къашэ ар модрейм и пIэкIэ».

3 «Мызыгъуэгукlэ сэ фхуэфI сыхъуну къэвлэжьащ фылистейхэм», – идакъым ар Шамсун.

4 Ар кIуэри хьэIуцыдз[a] щищ къиубыдащ, ахэр я кIапэмкIэ тIурытIу зэрипхыжащ. КIапэ зэпха къэс зы пхъэдзакIэ мафIэ кIэрищIэжри, **5** фылистейхэм я гуэдз губгъуэ Iумыхыжам хиутIыпщхьащ. Апхуэдэу, щэджхэри*, Iуамыхыжа гуэдзри, жызум хадэхэри, зейтун* мэз цIыкIухэри игъэсащ.

6 Ар зыщIам фылистейхэр щыщIэупщIэм, «Шамсунщ, тэминэдэсым и малъхъэрщ, и щхьэгъусэр и щауэгъуу щытам иратыжати», жаIащ. Арати, фылистейхэр кIуэри а цIыхубзри и адэри ягъэсащ.

7 «Апхуэдэу щыхъуакIэ, сэ силъ фи деж щызмыщIэжауэ сыувыIэнкъым», жиIэри тхьэрыIуэ ищIащ Шамсун. **8** Ар абыхэм ебгъэрыкIуэри хьэчлъычыр яхилъхьащ. ИтIанэ Етэм къырым и зэхуакум лъэныкъуэегъэз зыщищIащ.

9 Фылистейхэр Ехьудейм дзэ пщыIэу Лэхь къалэм деж щитIысыкIащ. **10** Ехьудейм щыпсэухэр къеупщIащ абыхэм: «Сыт зауэ къыдэфщIылIэну мурад щIэфщIар?»

---

[a] **15:4** Е: «бажэ».

«Дэ дыкъыщIэкIуар Шамсун Iэрыубыд тщIыуэ дилъ тщIэжыну аращ», – жэуапу къаташ абыхэм.

11 Апхуэдэу щыхъум Ехьудейм щыщу цIыху миниш Етэм къырым и зэхуакум кIуэри Шамсун зыхуагъэзащ: «Уэ фылистейхэм я унафэ дызэрыщIэтыр къыбгурымыIуэу ара? Сыт къыдэпщIар зищIысыр?»

Шамсун зигъэкъуэншакъым: «Сэ къызащIам хуэдэ есщIэжауэ аркъудейщ».

12 Мохэр къыпэуващ: «Дэ дыкъыщIэкIуар Iэпхлъэпх утщIу фылистейхэм уеттыну араш».

Шамсун жиIащ: «Тхьэ къысхуэфIуэ фэ езыхэм сывымкIыну».

13 «Хъунщ, – къагъэгугъащ ар. – Дэ узэкIуэцIытпхэу уеттыну араш. УдукIынукъым».

КIапсэ щIэрыпситIкIэ япхри, ар къырым кърашащ. **14** Лэхь къыщыблэгъам, фылистейхэр зэрыгъэкIийуэ къыпежьащ. Абдежым ТХЬЭМ и Псэр Шамсун къылъэIэсри, и Iэхэр зэрапха кIапсэр чэтэн ныкъуэсу фIэкIа къыщымыхъуу къыфIитхъыжащ. **15** Абдежым шыд жьэ къупщхьэ къыщигъуэтщ, къищтэри абыкIэ фылистейхэм щыщу миныр зэтриукIащ.

16 ИтIанэ Шамсун жиIащ:

«Шыд жьэ къупщхьэ быдэмкIэ
зы гуартэм нэгъуэщI гуартэ теслъхьэжащ;
шыд жьэ къупщхьэ лъэщымкIэ
цIыху мин зэтезукIащ».

17 Ар жиIэри, жьэ къупщхьэр хыфIихуэжащ. Абы щхьэкIэ а щIыпIэм фIащат Арэмэтылэхь[a].

18 Шамсун псы щхьэкIэ лIэрти, ТХЬЭМ зыхуигъэзащ: «Уэ уи пщылIым мы текIуэныгъэшхуэр къебгъэхьащ. Иджы

[a] **15:17** ЖуртыбзэкIэ «Жьэкъупщхьэм и Iащхьэ» жиIэу къокI.

псы щхьэкIэ сылIэу мы сунэтмыщIыжьхэм я IэмыщIэ сихуэну ара-тIэ?»

19 Тхьэм Лэхь деж щыIэ мащэр зэгуигъэкIри, абы псы къиуащ. Шамсун псыкIэ зигъэнщIа нэужь, и къарури зэщIэувэжри, игури къихьэжащ. Араш а псынэм АнкIуэрей[a] щIыфащар. Ар нобэми Лэхь деж къыщыщIож.

20 Филистейхэм я тетыгъуэм ирихьэлIэу Шамсун ИсрэIилым я гъуазэу илъэс тIощIкIэ щытащ.

ЕПЩЫКIУХАНЭ IЫХЬЭ

Шамсун филистейхэм зэраIэщIэкIар

16 1 Зэгуэрым Шамсун Джазэ кIуауэ къэхьпэ цIыхубз ирихьэлIэри, абы деж щIыхьащ. 2 Шамсун къалэм къыдыхьауэ щызэхахым, джазэдэсхэр къалэ дыхьэпIэм хэлъ куэбжэм пэгъунэгъуу къыщыпэтIысащ. Жэщ кIыхьым мыхъейуэ пэплъахэщ, нэхущым къаIэрыхьэу яукIыну щыгугъыу.

3 АрщхьэкIэ Шамсун жэщ ныкъуэ хъухущ цIыхубзым деж зэрыщыIар. Жэщыкум къэтэджщ, къалэ дыхьэпIэм хэлъ куэбжэр сэхым зэрыфIэлъу иубыдри, пхъэрыгъажэр зэригъэлъэдауэ къыхитхъащ. И плIэм ирилъхьэри Хъэуран лъэныкъуэмкIэ щыIэ бгым и щхьэм дихащ.

Шамсун Далилэ зэрытекIуэдар

4 Зэман дэкIри, Шамсун фIыуэ илъэгъуащ Сэрэкъ псыхъуэм ДалилэкIэ еджэу щыпсэу цIыхубзыр. 5 Филистеипщхэр а цIыхубзым деж къэкIуащ: «Бгъэпсалъэурэ къыпкърых абы и къаруушхуэм и щэхур, къащIэ зэкIуэцIытпхэу зэрыдгъэбэяунум

[a] **15:19** ЖуртыбзэкIэ «ЛъаIуэм и псынэ» жиIэу къокI.

и Іэмалыр. Абы пэкІуэу дязыхэзми дыжьын шэкІэл минрэ шэкІэлищэрэ[a] уэттынущ».

6 Далилэ Шамсун яужь ихьащ: «КъызжеІэ уи къару егъэлеяр къыздикІыр, сыткІэ уэ узэрапхыфынур, уагъэсабырын папщІэ?»

7 Шамсун абы жэуап къритыжащ: «Сэ шабзэпс цІынибл-кІэ сапхмэ, къарур сщІэкІынурэ, адрей цІыху псоми ещхь сыхъунущ».

8 Далилэ ар фылистеипщхэм яжриІэжри, шабзэпс цІынибл къыхуахьащ, абыхэмкІэ лІыр ипхащ. **9** Пэшхэм ящыщ зым зыщагъэпщкІуауэ цІыху щІэсхэти, Далилэм Шамсун жреІэ: «Шамсун, фылистейхэр къыптоуэ!» АрщхьэкІэ, щІэпым къыхэщІыкІа Іуданэм мафІэ лъэІэсмэ зэрызэпыщэтым хуэдэу, шабзэпс цІыниблыр зэпитхъащ. И къарум и къикІыпІэр щэхуу къэнащ.

10 Далилэ зигъэгусащ: «Уэ укъысщыдыхьэшхащ икІи сыкъэбгъэпцІащ. Сынолъэ1у, къызжеІэ, сыткІэ уэ узэрапхыфынур?»

11 КъыжриІащ: «Зэи къамыгъэсэбэпа кІапсэщІэкІэ быдэу сапхмэ, си къарур сщІэкІынурэ, адрей псоми ещхь сыхъунущ».

12 Далилэ кІапсэщІэкІэ лІыр зэкІуэцІипхэри, еджащ: «Шамсун, фылистейхэр къыптоуэ!» Пэшхэм ящыщ зым загъэпщкІууэ цІыху щІэсхэт. АрщхьэкІэ Шамсун зэрызэкІуэцІыпха кІапсэр Іуданэм хуэдэу зэпичри ежьэжащ.

13 Арати, Далилэ хъурджэуащ: «Уэ зэпымычу укъысщодыхьэшх икІи сыкъыбогъапцІэ. КъызжеІэ узэрапхыфынур сыткІэми».

«Си щхьэцым щыщу Іэрамибл щэкІ зэрызэІуащэ лъэрыгум дэлъ щэкІым хэбухуанэрэ щэнджатэкІэ* зэщыбгуэжмэ, си къарур сщІэкІынурэ, адрей псоми ещхь сыхъунущ», – жэуап къитащ Шамсун.

---

[a] **16:5** Килограмм пщыкІущым нэблагъэ хъунущ.

14 Ар зэрыжейуэ, и щхьэц Іэрамиблыр къищтэщ, лъэрыгум дэлъ щэкІым хиухуанэри[a], щэнджатэкІэ зэщигуэжащ. ИтІанэ къеджащ: «Шамсун, фылистейхэр къыптоуэ!» Ар къэушри, лъэрыгур, щэкІри зэрыдэлъу, къыхитхъащ.

15 Далилэр къегиящ: «Дауэ къызжепІэрэ фІыуэ сыкъэплъагъуу, афІэкІа дзыхь къысхуумыщІу? Иджы ещанэ укъысщІонакІэ, уи къару егъэлеяр къызыхэкІыр къызжепІэным и пІэкІэ».

16 Махуэ къэс ар жиІэурэ, абы Шамсун и щхьэр иригъэужэгъуащ. **17** Арати, пэжыр къыжриІащ: «Сэ зэи щхьэщкІэ си щхьэцым къыхэІэбакъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ сыназирщ[b], сыкъызэралъхурэ Тхьэм сриІыхущ. Си щхьэцыр яупсауэ щытамэ, къарууэ хъуар сщІэкІынурэ, дэтхэнэми хуэдэ сыхъунут».

18 Пэж къызэрыжриІар къыгурыІуэри, Далилэ фылистеипщхэм я деж игъэкІуащ: «Иджыри зэ фыкъэкІуэж. Іуэхур зэрыщыт дыдэр къызжиІащ».

Фылистеипщхэр къэкІуащ, дыжьынхэр яІыгъыу. **19** Шамсун и щхьэр и куэщІым илъу игъэжейри, абы цІыху къриджащ, щІалэм и щхьэц Іэрамиблыр триупсыкІыу и къарур щІигъэкІыну, икІи апхуэдэу хъуащ.

20 «Шамсун, фылистейхэр къыптоуэ!» – къэджащ Далилэ.

Ар къэушри егупсысащ: «Япэхэми ещхьу, сыкъыхэкІынщ!» Абы ищІэртэкъым ТХЬЭМ къибгынауэ. **21** Фылистейхэм Іэрыубыд ящІри, и нэхэр иращІащ, Джазэ яшэри гъуаплъэ лъэхъухэр къралъхьащ. ЩІыунэ кІыфІым гуэдз щрагъэхьэжырт.

22 Ауэрэ и щхьэцым щІэрыпсу къэкІыжу щІадзащ.

---

[a] **16:13-14** *щэнджатэкІэ зэщыбгуэжмэ ... щэкІым хиухуанэри* Мы псалъэхэр зыхэтыр пасэрей алыджыбзэкІэ зэрадзэкІаращ. Журтыбзэкlэ тха Іэрытххэм ахэр дэхуауэ къыщІэкІынущ.

[b] **16:17** Еплъ 13:5-м и еІуэлІапхъэм.

Шамсун нэгъэсауэ илъ ищIэжауэ зэрылIар

23 А псом иужькIэ фылистеипщхэр зэхуэсащ я тхьэ Дэджуан къурмэнышхуэ хуащIыну, я нэгу зрагъэужьыну. «Ди тхьэм бийуэ диIа Шамсун ди Iэмыщ Iэ кърилъхьащ», – жаIэрт абыхэм.

24 Шамсун щалъагъукIэ, цIыхухэм я тхьэм фIыщIэ хуащIырт: «Кърилъхьащ ди тхьэм ди Iэмыщ Iэ ди щIыр зыунэщIыр, ди цIыхухэм куэд хэзыгъэщIар».

25 Зэрыгъэгушхуэжауэ, абыхэм кIийуэ щIадзащ: «Шамсун къафшэ, ди нэгу зригъэужьынщ». Ар къашэри, псоми щIэнэкIалъэ ящIу щIадзащ. ПкъощIэсэхэм* яку дагъэува нэужь, **26** Шамсун и Iэпэр зыIыгъ Iуэхутхьэбзащ Iэм елъэIуащ: «Унащхьэр зыIыгъ пкъощIэсэхэм салъэIэсын хуэдэу сыгъэув, тегъэщIапIэ сщIынущи». **27** Тхьэунэм цIыхухъуи цIыхубзи щIэхуэр щIэст. Абы щыIэт фылистеипщу хъуар, унащхьэм щызэхуэсат цIыху миниц, псори Шамсун щыдыхьэшхырт.

28 Шамсун лъаIуэу ТХЬЭМ зыхуигъэзащ: «ТХЬЭУЭ Тепщэныгъэ ЗиIэ, уигу сыкъэгъэкIыж! Ди Тхьэ, сынолъэIу, къегъэгъазэ си къарум зэ закъуэ, къызэт Iэмал си нитIым ялъ фылистейхэм я деж щысщIэжыну». **29** Тхьэунэм и пкъощIэсэ щхьэIэхэм яку дэту, Iэ ижьымкIэ зым, сэмэгумкIэ адрейм зыпэщIигъакъуэри, **30** Шамсун жиIащ: «СыхрекIуадэ сэри фылистейхэм я гъусэу!» Къарууэ иIэмкIэ щIэрыIэри, тхьэунэр унафэщIуи цIыху къызэрыгуэкIыуи щIэсам къатещэщащ. Езыр щыкIуэдым цIыху нэхъыбэм я псэ здихьащ, щыпсэум иукIам нэхърэ.

31 И къуэши, и ади зэрыунагъуэу къакIуэри и хьэдэр яшэжащ. Ар и адэ Мынэхъ и кхъэлэгъунэ Зорэрэ АщтэIэлрэ я кум хуэзэу щыIэм щыщIалъхьэжащ. Шамсун илъэс тIощIкIэ ИсрэIилым и гъуазэу щытат.

ЕПЩЫКІУБЛАНЭ ІЫХЬЭ

Мэхъей и унэм тхьэлъэІупІэ зэрыщищІар

17 **1** ЕфрэІим бгылъэхэм МэхъейкІэ еджэу зылІ щыпсэурт.
2-3 Зэгуэрым абы и анэм жриІащ: «Уэ дыжьын шэкІэл минрэ шэкІэлищэрэ[a] пфІэкІуэдащ. Сэ зэхэсхащ дыгъуакІуэм узэребгар. Сэ сІыгъщ а дыжьыныр, сэрат ар къэзыщтар».

Мэхъей дыжьыныр и анэм иритыжащ. Апхуэдэу къыщыщІэкІым, анэм жиІащ: «ТХЬЭМ и нэфІ къыпщыхуэнщ, си къуэ! Мы дыжьыныр уи цІэкІэ ТХЬЭМ тыхь хузощІ. КъыхращІыкІ абы зи лъабжьэр гъэжа скъар*. Апхуэдэ щІыкІэкІэ сэ уэ узотыж мыр».

4 И къуэм къритыжам дыжьын шэкІэл щитІ[b] къыхихщ, гъукІэм иритри, зи лъабжьэр гъэжа скъар[c] иригъэщІащ. Ар Мэхъей и унэм щІагъэуващ. **5** Мэхъей тхьэлъэІупІэ иІэт. Абы тхьэпщ кІэпхынрэ* ищІри, и къуэхэм ящыщ зыр тхьэпщу* хихащ.

6 А зэманым ИсрэІилым пащтыхь яІэтэкъыми, хэти фІэтэрэзыр ищІэрт.

7 Ехьудей хэкум ит Бэтлахьым къалэм щыпсэурт зы лэбий* щІали, **8** и унэр къигъанэри псэупІэ къилъыхъуэну ежьащ. Апхуэдэу къикІухьурэ ЕфрэІим бгылъэхэм къэсри Мэхъей и унэм къекІуэлІащ.

9 Мэхъей къеупщІащ: «Дэнэ укъикІрэ?»

«Сэ сылэбийщ, Ехьудейм хыхьэ Бэтлахьым сыщыщщ, – жриІащ абы, – псэупІэ схуэхъун щІыпІэ солъыхъуэ».

---

[a] **17:2-3** Килограмм пщыкІущым нэблагъэ хъунущ.

[b] **17:4** КилограммитІрэ ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.

[c] **17:4** *зи лъабжьэр гъэжа скъар* Псалъэхэр къыбгурыІуэ зэрыхъунур журт тхыгъэм щыгъэнэІуакъым. ФІыщІагъэ ЛъапІэр зэпкърызыххэм языныкъуэхэм хьэпшыпитІу къалъытэ, адрейхэм къазэрыгурыІуэр зы хьэпшыпущ, дыжьын тегъэлъэдауэ.

10 Мэхъейр къолъэIу: «Си деж щыпсэу, сэ егъэджакIуэ, тхьэпщ схуэхъу, илъэсым хуэзэу дыжьын шэкIэлипщI[a] уэстынщ, щыптIэгъэнумрэ пшхынумрэ си Iуэхущ».

11 Лэбийр арэзы хъури къэнащ, и къуэхэм ящыщ зы хуэдэуи хуэхъуащ. 12 ЩIалэр тхьэпщ ищIауэ, Мэхъей и унэм щыпсэурт. 13 Абы жиIащ: «Иджы си фIэщ мэхъу ТХЬЭР къызэрысхуэфIыр, мы лэбийр тхьэпщ щысхуэхъуакIэ».

ЕПЩЫКIУИЯНЭ IЫХЬЭ

Данхэр щIыщIэм щыкIуэм Мэхъей и тхьэлъэIупIэр зэрызэрапхъуар

18 1 А зэманым ИсрэIилым пащтыхь иIэтэкъым. Дан и лIакъуэм ИсрэIилым и щIым щыщ Iыхьэ яIэтэкъыми, щыпсэун къалъыхъуэрт[b]. 2 Арати, данхэр я лIакъуэ псом хэдэжри, Зорэ, АщтэIэл къалэхэм дэсхэм, щIалэ лъэрызехьитху зауэлI емынэхэу къыхащыпыкIащ. Ахэр щIыналъэр яхутэн, щIапщытыкIын хуейуэ яутIыпщащ. «ФыкIуэ, – жраIащ абыхэм, – къэфхутэ щIыналъэр зыхуэдэр».

ЕфрэIим бгылъэхэм къыщысым, Мэхъей деж къыщыувыIащ, абы нэху къыщекIащ. 3 Лэбий щIалэм и псэлъэкIэр гъунэгъуу щызэхахым, езыхэм зэращыщыр къащIати, бгъэдыхьэри еупщIащ: «Хэт уэ мыбы укъэзышар? ЩыпщIэр сыт? Щыблэжьыр сыт?»

4 Абы Мэхъей къыхуищIар къиIуэтэжри, къыщIигъуащ: «Сэ абы тхьэпщу сыкъищтащ».

5 Ахэр къелъэIуащ: «Ди хьэтыр къэлъагъуи, Тхьэм тхуеупщI, гъуэгу дыкъыщIытехьа Iуэхур къыдэхъулIэнумэ».

---

[a] **17:10** Граммищэрэ пщIым нэблагъэ хъунущ.

[b] **18:1** Е: «я щIы Iыхьэр къалъысыжатэкъыми». Еплъ 1:34-35; Йушэ 19:40-48.

6 Тхьэпщым жэуап къаритыжащ: «Гъуэгу махуэ фытохьэ. ТХЬЭМ и нэIэ къыфтетынущ, фызекIуэху».

7 ЛIитхур къежьэжри ЛэIиш къэсащ. Абыхэм къалъэгъуащ мыбы щыпсэу цIыхухэр саидейхэм я хабзэм зэрытетыр, гукъыхэщт ямыIэу, зыми димыкъузэу, мамыру зэрыпсэур. Ахэр саидейхэм япэIэщIэт икIи зыми гуэттэкъым[a].

8 ЩIалитхур Зорэрэ АщтэIэлрэ къыщысыжым, я лъэпкъэгъухэр къеупщIащ: «Сыт жыфIэнур?»

9 Мобыхэми жаIэн яIэт: «ДывгъакIуи датевгъауэ! Дэ тлъэгъуащ абы я щIым и фIагъыр. Фымыщхьэх! Зивмылъэфыхьу а щIыр зыIэрывгъэхьэ! **10** Абы фыкIуэмэ флъагъунщ зы гукъыхэщт ямыIэу щIышхуэм тепсэукI цIыхухэр, а щIы бэлыхь тхъэжыгъуэр здэщыIэр Тхьэм дэ ди Iэмыщ Iэ кърелъхьэ».

11 Арати, данхэм щыщу цIыху щихыр, зэрызэуэнум хуэдэу зэщIэузэдауэ, Зорэрэ АщтэIэлрэ къыдэкIри гъуэгу теуващ. **12** ЗдэкIуэм Ехьудейм ит Къэрэтэрам деж зауэ пщыIэу щитIысыкIащ. Аращ нобэми Къэрэтэрам и къухьэпIэ лъэныкъуэм Мэхъанэ-ДанкIэ[b] щIеджэр. **13** Абы икIри ЕфрэIим бгылъэхэм ихьащ, Мэхъей и унэм къекIуэлIащ.

14 ЛэIишым плъакIуэ щыIа зауэлIитхум я лъэпкъэгъухэм зыхуагъэзащ: «Фэ фщIэрэ мы унэхэм языхэзым тхьэпщ кIэпхыни, нысхъапэхэри, зи лъабжьэр гъэжа скъари зэрилъыр? Фегупсыс пщIэ хъунум», – жаIэу.

15 Ахэр Мэхъей и лъапсэм ихьэщ, лэбий щIалэр щыпсэу унэм щIыхьэри фIэхъус ирахащ. **16** Дан щихыр, зэщIэузэдарэ зэуэным хуэхьэзыру, куэбжэпэм щызэхэтт. **17** Тхьэпщыр а зауэлIхэм я гъусэу куэбжэпэм IутыхукIэ, щIыпIэр къэзыхутауэ щыта щIалитхур кIуэцIрыкIри, тхьэпщ кIэпхынри, нысхъапэхэри, зи

---

[a] **18:7** Е: «ЩIам гуэттэкъым».

[b] **18:12** ЖуртыбзэкIэ «Дан и дзэ пщыIэ» е «Дан и увыгъэ» жиIэу къокI.

лъабжьэр гъэжа скъари къащтащ. 18 Ар щилъагъум, тхьэпщыр
къэуIэбжьащ: «Сыт фщIэр зищIысыр?»
19 «ЗэщIэпIэ! – къыжраIащ абыхэм, – зы псалъэ
къыфIумыгъэкI. Ди гъусэу накIуи егъэджакIуэ, тхьэпщ тхуэхъу.
ИсрэIилым и зы лIакъуэ уритхьэпщмэ нэхъыфIкъэ, зы цIыху
закъуэм ухуэлажьэ нэхърэ?»
20 Тхьэпщыр къэгуфIащ. Тхьэпщ кIэпхыныр, нысхъапэхэр,
зи лъабжьэр гъэжа скъарыр къищтэри, мобыхэм яхэту ежьащ.
21 Я сабий цIыкIухэр, Iэщыр, хьэпшыпхэр япэ ирагъэщри, езы-
хэри кIэлъежьэжащ.
22 Данхэр и унэм пэIэщIэ хъуа нэужь, Мэхъей и гъунэ-
гъухэр зэщIигъэуIуэри якIэлъыпхъэращ. 23 Ахэр данхэм
якIэлъыкIийрти, къызэплъэкIхэри Мэхъей къеупщIащ: «Сыт
уэ узыхуейр? Сыт мы къомри щIызэхуэпшэсар?»
24 «Фэ сэ езгъэщIа тхьэхэри си тхьэпщри къызыдэфщтэри
фежьэжащ. Сыт сэ къысхуэнар? Дауэ фыкъызэупщIрэ, сыт
узыхуейр, жыфIэу?» – жиIащ Мэхъей.
25 «Уи макъ зэхыдумыгъэх, – къагъэшынащ ар данхэм, –
узыхуейр арамэ, ди зауэлI залымхэр къожэнщи, уи щхьэри уи
унагъуэри ягъэкIуэдынщ». 26 Абыхэм я гъуэгум пащащ, Мыхъи,
зэрапэмылъэщынур къыгурыIауэ, унэмкIэ игъэзэжащ.
27 Данхэр, Мэхъей иригъэщIа хьэпшып лъапIэхэр яIыгъыу, и
тхьэпщри ящIыгъуу, ЛэIиш зы гукъыхэщти ямыIэу щыпсэу лъэ-
пкъым я деж къэкIуащ. Зэрылъэпкъыу джатэщхьэрыкIуэ ящIри
къалэр ягъэсыжащ. 28 Абыхэм къащхьэщыжын яIэтэкъым,
Саидэм пэжыжьэт, езыхэр зыми гуэттэкъым. Абы я къалэр
Бэтархъуб и гъунэгъуу къуэм дэтт.
Данхэм къалэр щIэрыщIэу яухуэжри щыпсэууэ щIадзащ.
29 ЛэIишкIэ зэджэу щыта къалэм Дан фIащащ ИсрэIилым и
къуэхэм ящыщу езыхэр къызытекIам и фэеплъу. 30 Я скъарыр

къалэм дагъэувэри, Мусэ[a] и къуэ Джэршэм и къуэж Йонэтан тхьэпщ ящIащ. Абы къытепщIыкIахэр тхьэпщу щытащ, гъэрыпIэ[b] ихуэхукIэ. **31** Мэхъей ищIа скъарыр я деж щахъумащ, Тхьэм и Унэр[c] Шылэу щыIэху.

ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

Джыбэхь къалэм щыпсэухэм щIэпхъаджагъэ зэралэжьар

19 **1** ИсрэIилым пащтыхь щамыIэ зэманым, ЕфрэIим и бгылъэ щIыпIэ жыжьэхэм щыпсэуащ зы лэбий. Абы Ехьудейм ит Бэтлахьым щыщу жэщгъуэлъ бзылъхугъэ къишащ. **2** АрщхьэкIэ цIыхубзым лэбийм зыкъыхуигъэгусэри и адэм деж игъэзэжауэ, мазиплI хъууэ щыIэт.

3 Лэбийм и унэIутыр гъусэ ищIщ, шыдитI къыздищтэри абы къыкIэлъыкIуащ, и гур фIы хуищIыжу къишэжыну. ЦIыхубзым ар унэм щыщIишэм, адэм къилъагъури, гуфIэу къыпежьащ. **4** Лэбийр и щыкъу адэм хигъэзыхьри жэщищкIэ щыIэну къигъэнащ, щефэ-щешхэу, щыжейуэ щыIащ.

5 Махуэ еплIанэм ахэр ежьэжыну жьыуэ къэтэджати, щыкъу адэм малъхъэм жриIащ: «Япэ щIыкIэ едзакъи уи гур щIегъэубыдэ, итIанэ фежьэжынщ». **6** А тIур ешхэну-ефэну тIысащ. ИтIанэ щыкъу адэм жиIащ: «СынолъэIу, къанэ иджыри зы жэщкIэ, утхъэжу зэманыр бгъэкIуэнщ». **7** Ежьэжыну хуеями, щыкъу адэм едаIуэри аргуэру зы жэщкIэ щыIэну къэнащ.

---

a **18:30** Языныкъуэ Iэрытххэм зэритыр «Минащ»-щ.

b **18:30** Зи гугъу ищI гъэрыпIэр белджылыкъым.

c **18:31** ЖыхуиIэр Шэтыр ЛъапIэрщ. Ар Шылэу щыIащ Щамел бегъымбарымрэ пащтыхь ТIалутIрэ я зэманым нэсыху. Еплъ Йушэ 18:1; 1 Пащтыхьхэр 1:3.

8 Махуэ етхуанэм и пщэдджыжьым ежьэжыну зыщигъэхьэзырым, цIыхубзым и адэм жиIащ: «Едзакъэ. Шэджагъуэ хъуху умыпIащIэ!» Арати, зэгъусэу шхащ. 9 ЩIалэм и жэщгъуэлъ фызымрэ унэIутымрэ и гъусэу ежьэжыну щыхуежьэм, цIыхубзым и адэм жиIащ: «Еплъ, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуащ. Мыбдеж нэху фыкъыщекI, махуэр кIуагъэхэщ. Къани утхъэжу зэманыр гъакIуэ. Пщэдджыжь жьыуэ зывгъэхьэзырынщи, фи унэ фыкIуэжынщ».

10 АрщхьэкIэ къэнэн имыдэу, хьэлъэ зытелъ шыдитIымрэ и жэщгъуэлъ фызымрэ и гъусэу ЕускIэ иунэтIыжащ (ар Ерусэлимщ). 11 Еус щынэблэгъапэм, унэIутым жиIащ: «Мы еусейхэм я дежкIэ дыдэгъыхьи нэху дыкъыщегъэкI».

12 И зиусхьэным идакъым: «Хьэуэ, ИсрэIилым щымыщ хамэ лъэпкъым я къалэм дыдыхьэнкъым. Джыбэхь дынэсыху дыкIуэнщ. 13 ФынакIуэ, – къыщIигъужащ абы, – Джыбэхь е Арэмэхь дынэсыну деIэнщи, а тIум язым нэху дыкъыщекIынщ».

14 Ахэр Бенамин и щIыналъэм ит Джыбэхь щынэсам, дыгъэр етIысэхыпат. 15 Жэщым щыIэну къалэм дыхьэхэри, къалэ утым* щетIысэхахэщ, ауэ зыми иригъэблэгъакъым, и унэ нэху къыщригъэкIыну.

16 ЕфрэIим бгылъэхэм щыщу, ауэ бенаминхэм яхэсу Джыбэхь щыпсэууэ зы лIыжь а пщыхьэщхьэм губгъуэм щылэжьауэ къэкIуэжырт. 17 Къалэ утым ис гъуэгурыкIуэр щилъагъум, щIэупщIащ: «Дэнэ укъикIрэ, дэнэ укIуэрэ?»

18 Лэбийм Iуэхур зыIутыр жриIащ: «Ехьудейм ит Бэтлахьым дыкъокIыж, ЕфрэIим бгылъэм и щIыпIэ пхыдза докIуэж. Сызыщыщыр аращ, ауэ Бэтлахьым Iуэху сиIэу сыщыIат. Сэ ТХЬЭМ и Унэм сыкIуэрейщ, итIани ныщхьэбэ зыми и унэ сригъэблэгъакъым. 19 Дэ хьэуази, ди шыдхэм я Iуси диIэжщ, сэри, мы цIыхубзми, ди гъусэ щIалэщIэми тхурикъун сани щIакхъуи диIэщ, зиусхьэн. НэгъуэщI зыри дыхуейкъым».

20 «ФынакIуэ си деж, – жиIащ лIыжьым. – Сэ зыхуей
фыхуэзгъэзэнщ. Мы утым фыкъимынэ закъуэ». 21 Ахэр и
гъусэу къыздишащ, и шыдхэм Iус яритащ. ГъуэгурыкIуэхэм я
лъакъуэр ятхьэщIри, бысымым Iэнэ къахуигъэуващ, игъэшхащ,
иригъэфащ.

22 Абыхэм зэманыр тхъэжу ягъэкIуэхукIэ, къалэдэс напэншэ-
хэм унэр къаувыхьащ. Бжэм ину теуIуэурэ, унэр зей лIыжьым
егуот: «Уи деж къекIуэлIа цIыхур къытхущIэш, абы и гъусэу
зытедгъэуну дыхуейщ».

23 ЛIыжьыр къыщIэкIри къажриIащ: «Хьэуэ, си къуэшхэ, ап-
хуэдэ напэншагъэ фымыщIэ. А цIыхур сэ си хьэщIэщ, апхуэдэ
икIагъэ фымылэжь. 24 ЩIымыхъужым, сипхъу унэ имыхьамрэ
хьэщIэм и фызымрэ къыфхущIэсшым нэхъыфIщ. Абыхэм лей
ефх, фызыхуейр ефщIэ. Ауэ си хьэщIэм икIагъэ евмыщIэ».

25 АрщхьэкIэ мо гупыр абы жиIэм едэIуэнуи хуейтэкъым.
Абдежым езы лэбийм и жэщгъуэлъ цIыхубзыр хигъэзыхьри
къахущIигъэкIащ. Жэщыр зи кIыхьагъыр абы лей ирахыу,
ягъэпудурэ икIащ, нэхулъэр къыщызэкIэщIитхъыращ
къыщаутIыпщыжар. 26 Нэху щыгъуэм цIыхубзыр и зиусхьэныр
здэщыIэ унэм къекIуэлIэжащ, бжэ щIыхьэпIэм щыджалэри,
абдежым щылъащ нэхулъэ къищIыху.

27 ПщэдджыжьымиЗиусхьэныр къэтэджу гъуэгу техьэжын
и мураду бжэр щыIуихам, и Iэр бжэщхьэIум телъу щIыхьэ-
пIэм деж щылъ фызыр къилъэгъуащ. 28 «Къэтэдж, накIуэ», –
жриIащ, ауэ жэуап къэIуакъым[a]. ЩIыхубзыр къиIэтщ, шыдым
трилъхьэри кIуэжыну ежьэжащ.

29 Унэм нэсыжа нэужь, сэ къищтэщ, фызым и хьэдэр
Iыхьэ пщыкIутIу зэпигъэжри, ИсрэIилым и щIыналъэхэм
зэбгригъэхащ. 30 Ар зылъагъуу хъуам жаIэрт: «ИсрэIилыр

[a] 19:28 Пасэрей алыджыбзэкIэ тха Iэрытххэм мы псалъэхэр
щыщIагъуащ: «…сыту жыпIэмэ, ар лIат».

Мысырым къыщикIыжам щыщIэдзауэ нобэм къэсыху мыпхуэдэ щIэпхъаджагъэ зыми илъэгъуакъым икIи илэжьакъым. Фегупсыс абы! Фызэчэнджэщи, жыфIэ тщIэ хъунур!»

ЕТIОЩIАНЭ IЫХЬЭ

ИсрэIилхэм бенаминхэр зэрыхагъэщIар

20 1 Ищхъэрэкlэ Дан щегъэжьауэ ипщэкlэ Бэрщабэ щыщIэкIыжу, къуэкIыпIэмкIэ щыIэ ДжылыIэдеи исрэIилу щыпсэухэр зэдэууэ Мызпэхь деж ТХЬЭМ и пащхьэм щызэхуэсащ. 2 Лъэпкъ псом, исрэIил лIакъуэу хъуам я Iэщхьэтетхэр Тхьэм и лъэпкъым я зэхуэсым къекIуэлIат. Ахэр джатэкIэ зэщIэузэда лъэсырызекIуэ зауэлI мин щиплI хъурт. 3 Бенамин и лIакъуэм къащIащ исрэIилхэр Мызпэхь зэрыщызэхуэсыр.

Арати, исрэIилхэр щIэупщIащ: «Дауэ мы Iуэху шынагъуэр къызэрыхъуа щIыкIэр», – жаIэри.

4 «Си жэщгъуэлъ цIыхубзыр си гъусэу Бенамин щIыналъэм ит Джыбэхь дыкъыщыувыIат нэху дыкъыщекIыну, – къажреIэж цIыхубз яукIам и лIым Iуэхур зэрыщытар. – 5 Жэщым лъэкIыныгъэ зиIэу Джыбэхь дэсхэр къызэхуэсри сыздэщыIэ унэр къаувыхьащ, саукIын мурадыр яIэу. Абыхэм си фызым лей кърахри, абы илIыкIащ. 6 Сэ ар Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърысхри, ИсрэIилым и щIыналъэхэм щызэбгрезгъэхащ. УкIытэгъуэт, икIагъэт ИсрэIилым къыщыхъуар. 7 Иджы псоми, исрэIилхэм, фи еплъыкIэр жыфIэ».

8 Къызэхуэсауэ хъуар зы цIыху хуэдэу къэуври жаIащ: «Дэ тщыщу зыри и унэ екIуэлIэжынукъым. Хьэуэ, дзыхэзи кIуэжынукъым. 9 Джыбэхьым етщIэнуращ: пхъэидзэкIэ зытехуэр ятеуэнущ. 10 ИсрэIилым и лIакъуэхэм щыщу щэ къэс цIыхуипщI, мин къэс цIыхуищэ, минипщI къэс цIыху мин

къыхэтшынущ, зауэлIхэм я шхын зэрагъэпэщыну. Дзэр Бенамин щIыналъэм ит Джыбэхь къыдыхьэу ИсрэIилым щалэжьа хьэкIэкхъуэкIагъэм пэкIуэр иращIэжыфыну Iэмал еттынущ».

11 ИсрэIилым и зауэлIу хъуар зылI и быну зэрыубыдащ, къалэм пэщIэувэну. 12 Бенамину хъуам хъыбар хурагъэхьащ: «Сыт Iуэху шынагъуэ фэ влэжьар! 13 Къыдэфт а Джыбэхь щыщ цIыху напэншэхэр, я псэр хэтхыу ИсрэIилым щызекIуэ лейр дгъэкIуэдын хуэдэу».

АрщхьэкIэ бенаминхэр хуейтэкъым я лъэпкъэгъу исрэIилхэм жаIэр зэхахыну. 14 Я къалэхэм къикIри ахэр Джыбэхь деж щызэхуэсащ, исрэIилхэм къезэуэн гуращэкIэ. 15 Къалэ къэс къыбгъэдэкIыу асыхьэту къагъэува зауэлIхэр джатэкIэ зэщIэузэдауэ мин тIощIрэ хырэ хъурт, Джыбэхьым и зауэлI щибл къыхэщыпыкIахэр хэмытуикI. 16 А дзэшхуэм яхэтт къыхэщыпыкIа защIэу зауэлI щибл, Iэсэмэгурыуэу, апхуэдизкIэ шэрыуэрэ, мывэдзкIэ щхьэц налъэм техуэу. 17 Бенаминхэр хэмыту, ИсрэIилым къигъэуват зауэлI Iэзэу мин щиплI, джатэкIэ зэщIэузэдауэ.

18 ИсрэIилхэр БэтIэл къакIуэри Тхьэм еупщIащ: «Дэ тщыщу бенаминхэм езэуэну япэ кIуэнур хэт?»

ТХЬЭМ и жэуапыр къаIэрыхьэжащ: «Ехьудейхэр япэ иреувэ».

19 Нэху къекIри исрэIилхэр Джыбэхь пэмыжыжьэу дзэ пщыIэу щитIысыкIащ. 20 ИсрэIилхэр бенаминхэм зэрезэуэнум хуэдэу хьэзыру Джыбэхь хуэгъэзауэ иувыкIахэщ. 21 Бенаминхэр Джыбэхь къыдэкIщ, исрэIилхэм ятеуэри, а зы махуэм мин тIощIрэ тIурэ хагъэщIащ.

22 ИсрэIилхэм я къарур къызэрыгъуэтыжри, зэрызэуэнум хуэдэу япэ махуэм здэщыта дыдэм деж аргуэру щиувыкIащ. 23 Абы иужькIэ ТХЬЭМ и пащхьэ ихьэри махуэ псом

щыгъащ, щыбжащ. ЕупщIахэщ: «Иджыри дезэуэну ди къуэш бенаминхэм?»

ТХЬЭМ къажриIащ: «Фапэув абыхэм».

24 ЕтIуанэ махуэм исрэIилхэм зыкъаIэтри, бенаминхэм гъунэгъуу екIуэлIащ. **25** АрщхьэкIэ бенаминхэр Джыбэхь къыдэкIщ, къапежьэри джатэкIэ зэщIэузэда исрэIил зауэлIу мин пщыкIуий аргуэру хагъэщIащ.

26 ИсрэIилхэр, зэрылъэпкъыу, БэтIэл къэкIуэжри, ТХЬЭМ и пащхьэм гъырэ бжэуэ исащ. А махуэм пщыхьэщхьэ пщIондэ нэщI исащ, ТХЬЭМ тыхь гъэсынхэр, зэфI къурмэнхэр хуащIащ. **27** ИтIанэ ТХЬЭМ зыхуагъэзащ.

А зэманым Тхьэм и Iуагъэм и Пхъуантэр* БэтIэлт здэщыIэр, **28** тхьэпщыр Хьэрун и къуэ Елизар и къуэж Панхэст. ЦIыхубэм я цIэкIэ ар ТХЬЭМ еупщIащ: «Аргуэру дыкIуэну ди къуэш бенаминхэм дезэуэну хьэмэрэ дыувыIэжыну?»

ТХЬЭМ и жэуапыр мырат: «ФыкIуэ. ПщэдейСэ ахэр фи IэмыщIэ нислъхьэнущ».

29 Арати, исрэIилхэм щыщу зыхэм Джыбэхь и хъуреягъыр къатIысыхьащ. **30** Адрейхэр махуэ ещанэм, япэхэми хуэдэу, Джыбэхь пэзанщIэу иувыкIащ, бенаминхэм езэуэну. **31** Бенаминхэр бийм ебгъэрыкIуэурэ я къалэм пIэщIэ хъуащ. Абыхэм, япэми хуэдэу, исрэIилхэм хэщIыныгъэ иратурэ, БэтIэл ухуэзышэ гъуэгумрэ Джыбэхькlэ щыIэ губгъуэм уизышэмрэ цIыху щэщI хуэдизын укIыгъэ щащIащ. **32** Бенаминхэр, ипэм хуэдэу, бийр зэрыхагъащIэм иригушхуэху, исрэIилхэр егупсысырт: «ДикIуэтурэ, къалэм пIэщIэ тщIынщ, гъуэгум тетшэнщ».

33 ИсрэIилхэм я къару нэхъыщхьэр БэIэл-Тэмаркlэ икIуэтри иувыкIащ, Джыбэхь и Iэгъуэблагъэм[a] пэтIыс щысахэми зрачащ. **34** ИсрэIилым и зауэлI нэхъыфIу минипщIыр Джыбэхь

[a] **20:33** Журтыбзэм пэтIыс щащIа щIыпIэр тегъэчыныхьауэ къыщыгъэлъэгъуакъым.

ебгъэрыкIуэри, апхуэдизкIэ зэхэуэ гуащIэ* зэхаублати, гъунэгъу дыдэ къахуэхъуа гузэвэгъуэр зыхащIэну бенаминхэр хунэсыртэкъым. **35** ТХЬЭМ бенаминхэр ИсрэIилым и пащхьэм щызэхикъутащ, икIи а махуэм джатэкIэ зэщIэузэда зауэлI мин тIощIрэ тхурэ зы щэрэ хагъэщIащ. **36** Абдежщ бенаминхэм зэрызэтракъутар къащыгурыIуар.

А псор къызэрыхъуар мыпхуэдэущ. ИсрэIилхэр къикIуэтырт, Джыбэхь пэмыжыжьэу пэтIыс зыщIахэм щыгугъырти. **37** Арати, пэтIысым щысхэр зэуэзэпсэу Джыбэхь теуэри, къалэр яубыдащ, дэсу хъуар джатэщхьэрыкIуэ ящIащ. **38** ИсрэIилхэр пэтIысым хэсхэм гурыIуат: къалэм IугъуэмзыщиIэтауэ ялъагъумэ, **39** исрэIилхэм я къару нэхъыщхьэхэм ебгъэрыкIуэн щIадзэн хуейщ.

Бенаминхэм щIадзат исрэIилхэр хагъащIэу, зауэлI щэщIым нэс укIыгъэ ящIат. Абыхэм я гугъэт: «Шэч хэмылъу, дэ исрэIилхэр зэхыдокъутэ, япэ зэхэуэм зэрыхъуам хуэдабзэу». **40** АрщхьэкIэ бенаминхэм зыкъагъазэри къалъэгъуащ къалэм къыщхьэщыкIыу уафэм дэкIуей Iугъуэр. **41** ИсрэIилхэм ебгъэрыкIуэн щIадзэри, бенаминхэр къэшынащ, гузэвэгъуэр къазэрыкIэщIэзэрыхьар къагурыIуати. **42** Псэууэ къэнахэр пшахъуэщIымкIэ кIуэ гъуэгум тету щIэпхъуащ, ауэ бийр къакIэлъэщIыхьэщ, къалэ[a] лъэныкъуэмкIи исрэIил гуп къапэувщ, я кум даубыдэри зэтраукIащ. **43** Ахэр, яхэуэурэ, Нухьэ щегъэжьауэ[b] Джыбэхь и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм нэс яхуащ. **44** Бенаминхэм щыщу мин пщыкIуий хэкIуэдащ, псори зауэлI лъэрызехьэт. **45** ПшахъуэщIымкIэ ягъазэри Армун къырым хуэкIуэу щIэпхъуат къелахэри, исрэIилхэм иджыри

---

[a] **20:42** Журт. «къалэхэм».

[b] **20:43** *Нухьэ щегъэжьауэ* Е: «загъэпсэхуну къызэтеувыIэху, ирахужьэжурэ».

минитху гъуэгум траукIыхьащ. Ахэр бенаминхэм ДжыдыIуэм нэсыху якIэлъыпхъэращ, аргуэру минитI хаукIыкIащ.

46 А махуэм бенамину мин тIощIрэ тхурэ хэкIуэдащ, ахэр псори джатэкIэ зэщIэузэдауэ зауэлI лъэрызехьэ защIэт. **47** ЯIэщIэкIыу Армун къырым зи псэр зыхьыфар цIыху щих къудейщ. Абдежым мазиплIкIэ щыIахэщ. **48** ИсрэIилхэм къагъэзэжри, Бенамин щIыналъэм псэ зыIуту къащыпэщIэхуэр джатэщхьэрыкIуэ ящIащ, цIыху ирехъу, псэущхьэ ирехъу. Я гъуэгум къалэу тетари ягъэсащ.

ТIОЩIРЭ ЕЗАНЭ ЫХЬЭ

ЯмыукIыу къела бенаминхэм щхьэгъусэ зэрагъуэтыжар

21 **1** А зауэм ипэ къихуэу исрэIилхэм Мызпэхь деж тхьэрыIуэ щащIыгъат зыми ипхъу щхьэгъусэу бенаминхэм ирамытыну. **2** Иджы ахэр БэтIэл къэкIуауэ, гухэщIу гъыуэ Тхьэм и пащхьэ ист. Пщыхьэщхьэхъуху ину гъахэщ. **3** «Ди ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, – жаIэрт абыхэм, – сыт ИсрэIилым апхуэдэ къыщIыщыщIар? Сыт нобэ ИсрэIилыр зы лIакъуэкIэ нэхъ мащIэ щIэхъуар?»

4 КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, жьыуэ къэтэджри, цIыхухэм къурмэн щIыпIэ яухуащ, абдежым тыхь гъэсынхэмрэ зэфI къурмэнымрэ щащIащ. **5** ИсрэIилхэр щIэупщIат: «Мызпэхь деж ТХЬЭМ и пащхьэм дыщызэхуэсым къримыхьэлIа ди лIакъуэхэм яхэт?» Тхьэрыуэ быдэ ящIыгъат абы къримыхьэлIэм и ажалыр къагъэсыну.

6 ИсрэIилхэр хуабжьу иринэщхъейт я къуэш бенаминхэм я щхьэ кърикIуам. «Нобэ ИсрэIилым зы лIакъуэ хэщIащ, – жаIэрт абыхэм. – **7** Къелахэм дэнэ щхьэгъусэ къахуэдитхынур, дипхъу зэи абыхэм едмытыну ТХЬЭМ и цIэкIэ псалъэ ттауэ?»

8-9 ИсрэIил лIакъуэхэм щыщу Мызпэхь деж ТХЬЭМ и пащхьэм щекIуэкIа зэхуэсым къримыхьэлIар хэтми щыщIэупщIэм, цIыхуу къекIуэлIар къапщытэри, къызэрыщIэкIамкIэ, Джылы-Iэдейм ит Абэш зыри къикIатэкъым. **10** Жылагъуэм а щIыпIэм яутIыпщащ зауэлI хахуэ мин пщыкIутI, унафэ яIэу: «ФыкIуи, Джылы Iэдейм ит Абэш щыпсэууэ хъуар джатэщхьэрыкIуэ фщIы, цIыхубзи сабии къэвмыгъанэу. **11** Фызытетынур мыращ: къанэ щымыIэу Тхьэм хуэвгъэкIуэд, хъыджэбз ямышахэм фIэкIа къэмынэу». **12** Абэш щыпсэухэм хъыджэбз ямышауэ щиплI къыхагъуэтати, псори Хьэнэней ит Шылэу щыIэ дзэ пщыIэм къашащ.

13 Зэрыжылагъуэу зэхуэарэзыуэ, Армун къырым ис бенаминхэм зэфI псалъэ хурагъэхьащ. **14** Бенаминхэр къекIуэлIэжри, абыхэм щхьэгъусэу ирата щ Абэш къраша хъыджэбзхэр. Ауэ псоми яхурикъуакъым.

15 ЦIыхухэр иджыри хуабжьу иринэщхъейт бенаминхэр зэрыхэкIуэдам, ТХЬЭМ исрэIилхэр зы лIакъуэкIэ нэхъ мащIэ ищIати. **16** «Бенаминхэм я цIыхубзхэр зэтекIуэдащ, дэнэ щхьэгъусэншэу къэна бенаминхэм иджы цIыхубз къахуздитхынур? – жаIащ жылагъуэм я тхьэмадэхэм. – **17** ИсрэIилым зы лIакъуэ фIэмыкIуэдын щхьэкIэ, бенаминхэм я щIы Iыхьэр къелахэм къахуэнэн хуейщ. **18** Абыхэм дэ дипхъу етт хъунукъым, унафэ быдэ диIэщи: бенаминхэм зипхъу езытым пу нэлатыр къылъысауэ араш».

19-20 ИкIэм-икIэжым къагупсысащ: «ФыкъэдаIуэт, – зыхуагъазэ бенаминхэм, – ТХЬЭМ и махуэшхуэр илъэс къэси Шылэу щагъэлъапIэ. А къалэр БэтIэл и ищхъэрэ, Лыбун и ипщэ лъэныкъуэхэмрэ БэтIэлрэ Шэчэмрэ яку дэлъ гъуэгум и къуэкIыпIэмрэ хуозэ. Фынэсмэ, – къыпащэ адэкIэ тхьэмадэхэм, – жызум хадэхэм зыщывгъэпщкIуи **21** факIэлъыплъ. Шылэу хъыджэбзхэр къэфэну къытехьа нэужь, зырызыр къэфпхъуати,

Бенамин щIыналъэм фыкъэкIуэж. **22** Хъыджэбзхэм я адэхэмрэ я дэлъхухэмрэ къытхуэтхьэусыхэмэ, яжетIэнщ: „ЗэхэщIыкI зивгъэIи къытхуэвгъанэ хъыджэбзхэр. Зауэм къитша цIыхубзхэр щхьэгъусэу псоми яхурикъуакъым. Фи арэзыныгъэ хэлъу къыщевмытакIэ, къуаншагъэр фи деж нэсынукъым“».

23 Бенаминхэм апхуэдэуи ящIащ. Хъыджэбзхэр къыздэфэм, цIыхухъу къэс зырыз къапхъуатэри, щхьэгъусэ ящIыну къахьащ. Я щIы Iыхьэм къагъэзэжщ, къалэхэр щIэрыщIэу яухуэжри, дэтIысхьэжахэщ. **24** ИсрэIилхэми Шылэу афIэкIа зыщаIэжьакъым, щхьэж и лIакъуэ, и унагъуэ яхыхьэжри, дэтхэнэри и щIы Iыхьэм итIысхьэжащ.

25 А зэманым ИсрэIилым пащтыхь яIэтэкъыми, хэти езым фIэтэрэзыр ищIэрт.

«Гъуазэхэм я тхылъым» узыщрихьэлІэ фІэщыгъэхэм я псалъалъэ

Ашэрэт – КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм ягъэлъапІэу щыта тхьэгуащэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, уеблэмэ ар тхьэнанэуи къалъытэу щытащ. Жыгым е пхъэ пкъом и теплъэр иІэущ ар пасэрей цІыхухэм къагъэлъагъуэу зэрыщытар.

Аштэрэт – КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм ягъэлъапІэу щыта тхьэхэм ящыщ, лъагъуныгъэм, бэвыгъэм, зауэм я тхьэгуащэу къалъытэрт. АлыджыбзэкІэ «Астартэ» жыхуаІэращ.

БэІэл – КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм ягъэлъапІэу щыта тхьэ лъэщхэм ящыщ, щІыуэпсыр и Іэ илъу, бэвыгъэм, лъхугъэм и тепщэу къалъытэрт.

Лэбийхэр – Екъуб и къуэ Лэбий и щІэблэщ, исрэІил лъэпкъым и лІакъуэ пщыкІутІым щыщщ. Мусэ и лъэхъэнэм Тхьэм лэбийхэм ящыщ Хьэрунрэ абы и щІэблэмрэ тхьэпщ хьэкъыр и пащхьэ щрахьэкІыну къыхихат, а къудамэм щымыщ лэбийхэм тхьэпщ къуэдзэу щытыныр къахуиухат.

Нысхъапэ – Журт. «терафим». Тхьэ пэлъытэу зэрахьэу щыта цІыху теплъэ зиІэ пкъыгъуэхэм аращ зэреджэр. И пащхьэ тхьэ щелъэІуу унэм щызэрахьэу щытащ. ФІыцІагъэ ЛъапІэм зыбжанэрэ ущрохьэлІэ нысхъапэхэм я гугъум, къызэрыхэщри Тхьэм имыгъэдахэ Іуэхугъуэущ.

СэнаІ Іуащхьэ – Тэурэт Хабзэр къахуихьу Тхьэр исрэІилхэмрэ Мусэрэ къащыхуэкІуа Іуащхьэщ.

ТХЬЭ – Хьэрфышхуэ защIэкIэ тхауэ ди зэдзэкIыгъэм узыщрихьэлIэ «ТХЬЭ» псалъэм къигъэлъагъуэр журтыбзэ текстхэм хьэрфиплIу зэхэту къыщыкIуэ «ЙХВХ» псалъэращ. Тхьэм Муси исрэIилхэми закъызэрыригъэщIыхуауэ щытар а щIэмкIэщ. Езы псалъэр «щыIэн» мыхьэнэр зиIэ пасэрей журт псалъэм къытекIыу къыщIэкIынущ. И IукIэ дыдэр нахуэу щымытми, щIэныгъэлэжьхэм ар «Яхве» къэпсэлъыкIэм нэхъ пэблагъэу хуагъэфащэ.

Тхьэм и Iуагъэм и Пхъуантэ – Тхьэм Мусэ унафэу хуищIам тету Пхъуантэ ЛъапIэр дыщэпсыр зытегъэлъэда пхъэм къыхэщIыкIат, Тхьэм и псалъэхэр зытетха, мывэскъащкIэ зэджэ мывэбгъуитIри абы дэлъу яхъумэрт. Пхъуантэ ЛъапIэм дамабгъуэкIэ зэджэ уафэгу псэущхьэхэм я теплъэр зиIэ дыщэ пкъыгъуитI тещIыхьат. А псэущхьэхэм я дамэ зэхуакухэр Тхьэм и щIыгу тахътэу къалъытэрт. Тхьэм и щыIэныгъэр исрэIилхэм нахуэ щащищIу щытар абдежщ.

Тхьэпщ – ТхьэхуэIухуэщIэхэр зэфIэзыгъэкI, а хьэкъыр зи пщэ дэлъ щIыхущ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, тхьэпщыр Мусэ и къуэш Хьэрун и щIэблэм щыщын хуейщ. Абыхэм тхьэпщ хьэкъыр япэ щIыкIэ Шэтыр ЛъапIэм щрахьэкIащ, иужькIэ я къалэныр Тхьэм и Унэм щагъэзащIэу хуежьащ. Абыхэм я пщэ дэлът тхьэхуэIухуэщIэ Iуэхугъуэхэр зэрагъэкIуэну, къурмэн ящIыну, дауэдапщэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну. Тхьэпщхэм ядэIэпыкъурт лэбийхэр.

Тхьэпщ кIэпхын – Журт. «ефод». БгыщIэпхэ щIэпхауэ тхьэпщым зыIуилъхьэу щыта кIэпхын лIэужьыгъуэм зэреджэр аращ. Тхьэм и унафэр зыхуэдэр къращIэну зэрахьэу щыта щыгъыныгъуэщ.

Фылистейхэр – Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ XII лIэщIыгъуэм ЩIыкурытыхым и Iуфэр, ИсрэIил хэгъэгум

ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэр къэзыгъэуа лъэпкъщ. КъызэралъытэмкIэ, ахэр иджырей Алыдж щIыналъэм къиIэпхъукIа жылэщ. Фылистейхэм къэрал гъэпсыкIэ зиIэ Джазэ, Ашкъэлэн, Ашдэд, Джат, Акурэн къалэхэр яухуауэ щытащ. Пащтыхь Даут зэхикъутэху, исрэIилхэмрэ фылистейхэмрэ зэбий кIэуфIыцIу къэгъуэгурыкIуащ.

«Гъуазэхэм я тхъылъым» узыщрихьэлIэ псалъэ гурыIуэгъуейхэм я псалъалъэ

Ахъуэ – кхъужьIэрысэ теплъэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыг хъурей-баринэ, «инжир» жыхуаIэращ.

ГуащIэ – къару, зэфIэкIыныгъэ; лъэщагъ, бланагъэ; пхъашэ, ябгэ; щхьэмыгъазэ; къикIуэт зымыщIэ.

Гъуазэ – унафэщI, пашэ.

Дарэгъу – дэджэгуэгъу, гъусэ, зы Iуэху зэдэзыщIэ.

Къуентхъ – зауэ, теуэ, зекIуэ хуэдэхэм деж бийм къыIэщIах мылъку, Iэщэ-фащэ.

МэIуху – бжы, сэшхуэ хуэдэхэм пэщIадзу зэрызахъумэжу щыта гъущI пIащIэ хъурей е плIимэ, шапэIудз.

МыкIумыпщ – щIакхъуэгъэтэдж зыхэмылъ.

Нузыр – Тхьэм и цIэкIэ цIыхум игъэзэщIэну ит псалъэ, гухэлъ, гуращэ.

ПкъощIэсэ – щIэгъэкъуэну, щIэсэну ягъэув пхъэ е бетон гъэжа кIыхь.

ПсэзэпылъхьэпIэ – хуабжьу шынагъуэ, узыхэкIуэдэнкIэ хъуну Iуэху.

Псыдыхьэ – гуэл, хы Iуфэхэм псыр хьэбзыпэу щыдыхьэ щIыпIэхэр; псыдэуапIэ, хыжьэ.

Псыхьэлъахуэ – псым кърихьэх жыг лъабжьэ, пхъэ хуэдэхэр.

Скъар – цIыхухэм щхьэщэ зыхуащI, мывэм, пхъэм, дыжьыным е дыщэм къыхэIущIыкIауэ цIыхум е псэущхьэм и теплъэ зиIэ.

Телъхуэ – Iэщ зехьэным епха псалъэ: етIуанэу къалъхуар.

ТIомпIырэ цIыкIу – бэрэбан пIащIэ цIыкIу, зы IэмкIэ яIыгъыу, адрей IэмкIэ теуIуэурэ макъамэ кърагъэкIыу.

Уэздыгъей – илъэс хъурейкIэ цыпхыдзэм хуэдэ и пщIащэхэр зыпыт, шыкIуртIым къызыпыкIэ, лъагэу дэкIей жыг, «сосна» е «кедр» (къурш уэздыгъей) жыхуаIэращ.

Ут – цIыхухэр щызэхуэс щIыпIэ хуит.

ХеящIэ – хеяжьэ; къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр зэхэзыгъэкI цIыху.

Хьэкуэстыгу – шы зыщIащIэ, шэрхъитI зыщIэт гу.

Хьэкъулэ – къэралым лъысу цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я мылъкум, хэхъуэм къыхагъэкI Iыхьэ.

Чэт – щIымахуэм мэлхэр щаIыгъ увыIэпIэ.

Чэтэн – пхъашэу зэIуща щэкI Iув лъэпкъыгъуэ.

ЧыцIыбжьей – пхъэщхьэмыщхьэ тIатIэ къызыпыкIэ, занщIэу дэкIей жыг лIэужьыгъуэ, «финиковая пальма» жыхуаIэращ.


Щауэгъу – ныбжэгъугъэкIэ къыппыщIа, узыпыщIа цIыху; къэзышагъащIэм хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIыху дэщIыгъу, и гъусэ щIалэ.

Щэдж – хьэвэ щIыкIэу зэтелъхьа пхыр куэд.

Щэнджатэ – щэкI щызэIуащэкIэ зэрызэщагуэ Iэмэпсымэ.

Iэщхьэтет – унафэщI, нэхъыщхьэ, тет, Iэтащхьэ.

Iуагъэ – зыгуэрым жиIар зэрыпэжымкIэ шэсыпIэ зэриувэ псалъэ, тхьэрыIуэ, тхьэлъанэ.


ИсрэIил
лIакъуэхэм
я щIыгухэр
Саидэ
Щам
Сур
ДАН
АЩИР
НЭХУТАЛИЙ
Хьэзур
Джалилеих
ЗАБЛУН
ИЩЭХЪАР
ЩIыкурытых
МИНАЩ
Iурдын
МИНАЩ
Шэчэм
Шылэу
ДЖАД
ЕФРЭIИМ
ДАН
БЕНАМИН
Ерусалим
РЭБИЛ
ЕХЬУД
Хъэуран
Хы Шыгъэ
МЭУАБЕЙ
Бэрщабэ
ШАМХЪУН
ЕДУМЕЙ
0 20 40 60 80 100
км
©UBS, 1999


Исрэил лIакъуэхэм я щIыгухэмрэ къалэхэмрэ
0
20
40
60
км
Саидэ
САИДЕЙ
Ливан бгылъэкIэр
АРЭМЕЙ
Щам
Хьэрмуныбг
Сур
Дан (ЛэIиш)
Къуэдыщэ
АШИР
НЭФТАЛИЙ
Хьэзур
IэкуэI
ДЖАЛИЛ
БЭШАН
Джолан
Аштэрэуэт
Къармэл IуащхьэкIэ
ЩIЫНАЛЪЭ
ЗАБЛУН
Таур Iуащхьэ
Джалилеих
ЩIыкурытых
Андор
ЙокънэIэм
Даур
Мэджыдэ
ЩУНЭМ
ИЩЭХЪАР
МИНАЩ
Едрей
Изрээл
Армэтl
Бэтшан
МИНАЩ
ДЖЫЛЫIЭДЕЙ
Абэш
Тырзей
Дзэфэн
Абыл Iуащхьэ
Шэчэм
Iурдын
Йабэкl
Джырзым Iуащхьэ
Сэкъуэт
АМОНЕЙ
Йафэ
Афэкъ
Тэпахъ
Шылэу
ДЖАД
ЕФРЭIИМ
ДАН
Арбэхь
БэтIэл
Iэят
Йабнэил
Джэзэр
Джылджэл
Джэбэн
Тэмирэ
Джыбэхъ
Йэрыхъуэ
БэтлэIуэр
Акурэн
Кьэрэтэрам
БЕНАМИН
Хьэшбэн
Ашдэд
Макъдах
Бэтшэмэш
Ерусалим
Нэб Iуащхьэ
Джат
Йармут
Мэдэбэ
Ашкъэлэн
АзэкIыхъ
Бэтлахъым
Адулам
Бэдзэр
ФЫЛИСТЕЙ
Мэрэш
РЭБИЛ
Лахъыш
Хъэуран
Джазэ
ЕХЬУД
Дыбир
Ангъэдий
Хы Шыугъэ
Дыбэн
Арэр
Арнэн
Бэрщабэ
ШАМХЬУН
МЭУАБЕЙ
Нэджэб пшахъуэщI
ЕДУМЕЙ

ФІыщІагъэ ЛъапІэ

Загрузите в App Store

ДОСТУПНО В Google Play